



**SUSUHUNAN**  
**PAKU BUWONO IV**



**SUSUHUNAN**  
**PAKU BUWONO IV**





Protodiningrat.

## ATUR PAMBUKA.

Buku punika kula damel kagem mengeti  
adekipun pakempalan Darahdalem Sampe  
yandalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana  
ingkang kaping IV.

Mendhet saking serat-serat ingkang won  
ten pengetanipun punapa dongengipun  
Sampeyandalem P.B.IV.


Timur dumugi surud.

Kawontenanipun nalika jumenengdalem  
Nata ing Surakarta Hadiningrat.

KASERAT.

Surakarta 17 - 8 - 1980

KUSDINAH BRODODININGRAT.



## Gantos kacarita.

Sekar MIJIII.

Adhuh Gusti , kang hambeg mangerti.  
 Mupus ing tyas ing ngong.  
 Baya wus ginaris pepesthéné.  
 Takdir Hing Hyang tan kena wah gingsir.  
 Raganingsun darmi.  
 Sumarah sakayun.

Byar kawuryan, soroting Hyang Rawi.  
 Bangun wus tumrontong.  
 Katon wenes sumunu sunaré.  
 Sumirat bang, bang wétan kaèksi.  
 Sunar kang martani,  
 Segering tumuwuh.

KANJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM BADHE DI  
PUN PIKRAMAKAKEN.

Kacarios:

Carita punika dongeng, mboten badhé telas mana wi jagad raya tasih gumelar. Para putra sarta piyantun sepuh, ugi remen sanget maos punapa dipun dongengaken lelampahan ingkang sampun kadadosan ing jaman kina. Kados ta Pangeran Pati Panji ASMARA BANGUN, kaliyan Dewi CANDRA KIRANA. Rak mboten telas ta? Seprika lan sapriki, gantos generasi tasih anget dongeng Panji. Kados pisang goreng medal saking wajan kang dipun entosi rubung para tumbas.

Manawi punika sanes carita Sang Panji Asmara Bangun. Namung Sang Narindra Putra ing Nagari Surakarta Hadiningrat.

Kabut peteng wus sumilak. Sang Hyang Surya me sem aneng wétan. Arsa majari jro Kadhaton ing Surakarta Nagari. Taru taru katara inggare. - Sru kapiyarsa ocehe Srigunting. Swarane mrana ni, tumancep ing kalbu. Tanpa cingkok lagu sar ta gendhing, nanging yèn rinaos, nganyut-anyut angeres tancepé. seru rarasing lagon sakalir. Wiledaning suling tan mantra sumundhul.

Kocap kacarita, hing riku jumeneng Narindra Hingkang Sinuhun Paku Buwana Kaping III. Ing kang samanten hanggarwa Putri Madura, atmaja nipun Panembahan Cakraningrat kaping V, (seda Mukti). Hananging mboten lestantun. Rehning panjenengandalem tasih kepengin nglajengaken sesambetan kaliyan darah MADURA, awit saking punika kepareng dalem Putradalem ing Kadipaten badhe dipun pikramakaken kaliyan atmajani pun Raden Adipati COKRODININGRAT, ing Pamekasan Madura.

Hingkang Sinuhun Paku Buwana kaping III, mundhut pasuwitanipun putri saking Pamekasan, asma Raden Ajeng HANDAYA, wonten ing Kadhaton.

Putri kala wau dipun paringi piwulang tata -  
srama adat Karaton. Sawatawis wekdal solah ba  
wanipun sampun katingal prigel kados putri Ka  
raton Surakarta. Hing satunggiling dinten Hing  
Kang Sinuhun Paku Buwana III, animbali Putra  
ing Kadipaten tuwin R.Aj. Handaya. Sareng sam  
pun sami marak ing ngarsadalem. Wonten wicsing  
timbangan dhumateng putra Kadipaten.

Kulup Pangeran Adipati Anom, sarèh laras pa  
ngandika Ramadalem Sang Prabu. Rènning sira -  
awis déwasa, Rama kepéngin mikramakake Putra  
ku kalawan R.Aj. Handaya, atmajané Raden Adi  
pati Cokrodiningrat ing Pamekasan Madura. Ya  
sing marak ana ngarsaku iki.

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kagèt nde  
ngèngèk, amirsani putri ingkang wonten ngarsa  
ing Kang Rama.

Injukipun Ri Sang Narpadmaja: Lirih pangandi  
kanipun. Nyuwun deduka Rama, dalem mboten sa  
get ngistokaken dhawuh dalem. Awit R.Aj. Han  
daya punika kuciwa ing warni. Kulitanipun ce  
neng, sarta suwantenipun ageng kados tiyang -  
jaler.

Dhawuh pangandika dalem, Putradalem kadhawuh-  
an manggali rumiyin salebetipun seminggu, sam  
pun ngantos kasesa nampik rumiyin. Sasampuni  
pun kalimbang kanthi weninging panggali. La  
jeng kadhawuhan ngunjukaken wangsulan ing  
ngarsadalem. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati  
Anom saha R. Aj. Handaya sami kalilan medal  
saking pasilan.

Kados punapa menggah raosing manahipun R.Aj.  
HANDAYA, ajur mumur tanpa ana pangarep-  
arepé. Sampun dumugi ing Karaton Surakarta, wasana -  
tinampik.

Sekar MIJIL.

Yèn tumanduk ing cipta kang lagi.

Ginawé lelakon.

Lir panglipur, amrih ta wakalé.

Ywa kadawan drawasaning budi.  
Dèn sabar nampèni, cobaning Hwang Agung.

Yèn wujuta panggrantesing pikir.  
Lir gulung nggalolo.  
Ngangsek angsek asesek napasé.  
Bebasané mati ngadeg saking,  
Sekuning tyas déning. mbarebel metu luh.

Ywa sungkawa kavawang miarsi.  
Sasmita jro batos.  
Lir ginugah ageng panglangsané  
Enget maring lelakoning dhiri.  
Dinadar mring Widhi, darmaning tumuwuh.

Punika Hingkang Sinuhun sakalangkung singkel  
panggalihé, Hangraosaké putradalem ing Kadipa-  
ten, hanggèné mboten mituhu ing Rama dalem.  
Wiwit titimangsa wau Hingkang Sinuhun nindaka-  
ken salat kajat. Muja samèdi saben dalu nyu-  
wun wilasanipun Hingkang Murbèng Dumadi. Sage-  
ta kasembadan karsadalem badhé mikramakaken -  
Putradalem ing Kadipaten, dhaup kaliyan R.Aj.  
HANDAYA.

Saking sruning panengku ing satunggiling dalu  
anyarengi Hingkang Sinuhun nindakaken salad  
kajat, karawuhan Hyang Bathari DURGA. Matur-  
ing ngarsadalem, punapa menggah wigatosipun.  
Karsa déning kepati anggènipun manengku puja  
brata. Hingkang Sinuhun lajeng hangaturi wang-  
sulan: Bilih karsadalem badhé mikramakaken Pu-  
tra ing Kadipaten kaliyan R.AJ HANDAYA. Sage-  
ta kalaksanaan. Awit Sang Putra puguh mboten  
kersa hangistokaken karsaning Rama.  
Aturipun Sang Hyang Bathari DURGA bab angeluk-  
aken Putradalem ing Kadipaten, Punika wonten  
sarananipun. Inggih punika R.AJ. HANDAYA kedah  
dipun wiradati. Wondéné wiradatipun:  
Hing wanci bangun injing sadèrèngipun Bagaskara



tanggung hancala (plèthèking srengéngé) R.Aj. HANDAYA dipun adusi mawi toya sekar manca waria, winadhahaken ing bokor kencana. Anggènipun ngadusi mawi ngocapaken mantra, nyuwun salin warni, kados citranipun Hyang Bathari UMA Hingkang ngadusi kapilihna Nyai Mas Tumenggung ingkang betah lapa, sarta ingkang sampun radi kaduk ing yuswa. Mangké tamtu wonten wilaasanipun Hyang jagadpratingkah maringi santun warni tuwin suwanten dhumateng R.Aj. HAN DAYA.

Hinggaling carita:

Haturipun Hyang Bathari Durga sampun dipun istokaken déning Hingkang Sinuhun .

Injingipun R.Aj. HANDAYA dipun sirami mawi sekar setaman, déning Nyai Mas Tumenggung.

R.Aj. Handaya lajeng santun warni, sakalang - tung sulistya, suwantenipun inggih lajeng imrah kados salimrahipun wanita. Sasampunipun paripurna anggènipun dandos lajeng kasowanaken marak ing ngarsadalem Hingkang Sinuhun.

Handadosaken renaning panggalihdalem . Saknalika wau, Hingkang Sinuhun utusan nimbali Putradalem ing Kadipaten. K.G.P.Adipati Anom lajeng sowan ing ngarsadalem. Hingkang Sinuhun lajeng handangu, dhumateng Putra ing Kadipaten.

Kulup Pangeran Adipati Anom, apa wis bisa katemu weninging pikirmu?

Injukipun Ri Sang Narpadmaja. Kanjeng Rama, adalem mopo mboten sandika manawi kadhahupaken kaliyan R.Aj. Handaya. Dhawuh pangandikadalem liya sapa, putri ngendi kang kok pilih Kulup? Iatura kang prasaja. Mengko Rama kang bakal - angrampung. Unjukipun Ri Sang Narpadmaja, mawiwonten keparengdalem, ingkang adalem pilih putri ingkang marak wonten ing ngarsadalemounika. Dhawuh pangandikadalem: Iya prayoga tawin dhéwé. Kanjeng Gusti handangu dhumateng Sang Ratna malih warni.

BOCAH AYU, apa kowé kaduga hanglakoni bakal dak  
 pundhut garwa? Aturipun Sang Retna Malih Warni  
 Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, punapa mbo  
 ten kaduwung, mundhut garwa kawula?  
 Ri Sang Narpadmaja ndangu: Bocah ayu kowé saja  
 tiné putrané sapa?

Aturipun Sang Retna Malih Warni; Kawula pun HAN  
 DAYA, sutanipun Adipati Cakradiningrat ing Ma  
 dura. Matur makaten kaliyan lèngsèr saking ngar  
 sadalem Hingkang Sinuhun. Medal gegancangan da  
 teng plataran. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati  
 Anom nguningani kesahipun R.AJ. Handaya wau,  
 lajeng trengginas anututi. Ramé denya bujung  
 binujung. Satemah R.AJ. Handaya saged kasikep  
 déning Kanjeng Gusti. Lajeng kaboyong, kasowa  
 naken ngarsa dalem Hingkang Rama.

Dawuh pangandika dalem;

Pangeran Adipati Anom, teka teka karo mbopong  
 putri, sing tok bopong kuwi sapa?

Unjukipun Ri Sang Narpadmaja:

Nuwuninggih Kanjeng Rama, dalem nyuwun panga  
 punten, adalem ngantos nilar ing tatakrama.  
 Sampun tinakdir bilih R.AJ. Handaya punika jo  
 dhonipun dalem.

Reroncèning carios mboten kahaturaken ing riki.  
 Inggalipun, mboten dangu kaliyan kadadosan ing  
 ngajeng. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom  
 Hamengkunegara kaping II, sampun kalampahan  
 krama angsal R.AJ. HANDAYA.

Mboten dangu kaliyan titimangsa anggènipun pa  
 la krama Bandara Raden Ayu Adipati Anom sampun  
 katingal hanggarbini. Dupi sampun jangkep 9  
 candra, kanton ngentosi wahyaning mangsa pamba  
 baring putra.

B.R.AY. Adipati Anom mbabar putra miyos kakung.  
 Miyosipun Gusti Timur andadosaken suka renaning  
 panggalihipun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati  
 Anom, sakaliyan garwa. sumawana Hingkang Sinu  
 hun P.B.III.

## Mijil WIGARINGTYAS

Ni Mas ayu kusumaning adi.  
 Déwaning paturon.  
 Hangrerepa katur panabdané.  
 Dhuh mirah ingsun kang pindho Ratih.  
 Baya sira yayi, jimating tilam rum.

Kadyangganing mintuna lan mimi.  
 Tansah hakaroron.  
 Datan pisah saparan parané.  
 Reruntungan haliling limiling.  
 Ya ta kang winarni, sagung para sepuh.

Sareng dhumawahing sepekenan, Gusti Timur ka patedhan asma saha sesebutan BANDARA RADEN - MAS GUSTI SUGANDI. Wiwit miosipun Gusti Timur Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kawis tara saya kasok katrisnan dalem dhumateng garwa sumawana putradalem. Pramila nama mboten anèh bilih ing kadipatèn asring dipun wontenaken lelangen among suka, kadhawuhaken ing saben wiyosandalem, wiosanipun garwa tuwin putra. Hingkang makaten wau handadosaken bingahing para kawuladalem, awit kathah ingkang sami tampi kekucuh dalem.

Kados sampun dados kodrating papesthèn, bilih kabingahan punika tetimbanganipun, kasisahan. Makaten ugi tumrap sariradalem Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, ingkang saweg nedheng nedhengipun kasok katrisnan dalem dhumateng garwa saha putra.

Anuju satunggiling wekdal garwadalem kataman gerah sariranipun, ngantos ambadal ing husada. Hingkang satemah anjalari sédanipun. Sapinten menggah sungkawaning panggalihdalem Kanjeng Gusti, mboten saged kacandra. Sasamipun paripurna pangruktining layon, lajeng kasarèkaken ing Astana Luhur Lawiyan solo.

Kaprenah sak kilèn pangimanan Masjid Lawiyan.  
 Perlunipun Kanjeng Gusti saged asring nuwèni  
 pasaréanipun garwadalem. Labet teksih kandel  
 sih katrisnandalem dhumateng garwadalem wau.  
 Sungkawaning panggalihdalem Kanjeng Gusti ha  
 ngantos sawatawis candra mboten saged lipur.  
 Awit kajawi kapedhotan katrisnan, ugi mangga  
 lihaken putradalem. Ingkang nembé yuswa kirang  
 langkung  $1\frac{1}{2}$  warsa.

Panandhang punika manawi tansah dipun raos ra  
 osaken tangèh sagetipun angsal panglipur. Mila  
 ngantos kalebet ing bebasan:

RINAGAS SAYA KARASA, GINAGAS SAYA ANGRANUHI.  
 Makaten ugi tumrap sariranipun Kanjeng Gusti  
 Pangeran Adipati Anom. Nanging sareng tetéla  
 mboten wonten wohing panglipur, pepuntoning -  
 panggalihdalem lajeng pinupus dhateng papes-  
 thèning lelampahan. Jer manusa namung sadarmi  
 anglampahi. Lelampahan punika manawi dèrèng-  
 dumugi pandoming kanugrahan, tansah kemawon  
 reribet ingkang handhatengi. Bebasan gilir gu-  
 manti. Mapan inggih makaten ing alam donya.  
 Kanjeng Gusti ingkang sampun saged hangli  
 pur sawatawis, kataman sungkawa malih. Ing-  
 gih punika tinilar Ramadalem. Murud dhumateng  
 don kasédan jati.



KANJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM HAMENG  
KUNEGORO SUDIBYA RAJA PUTRA NARINDRA MATARAM  
INGKANG KAPING II.

Sasampunipun 3 dinten saking suruddalem Sam  
peyandalem Hingkang Sinuhun P.B.III, Kanjeng  
Gusti Pangeran Adipati Anom kajumenengaken -  
NARINDRA sumilih kapraboning Rama Nata.

Ajejuk:

SAMPEYANDALEM HINGKANG SINUHUN PAKU BUWANA  
SENAPATI ING NGALAGA ABDULRACHMAN SAYIDIN PA  
NATA GAMA KALIFATULAH INGKANG KAPING IV ING  
NAGARI SURAKARTA HADININGRAT.

Jumeneng Nata amarengi ing dinten Senen Pa-  
ing tanggal kaping 28 Wulan Besar tahun Jima  
kir 1714. SINENKALAN: DADI RAJA SABDANING RA  
MA. Utawi kaping 29 September 1788. Sinengka  
lan: BRAHMANA HASTA AMULANG RAJA, wuku KULA  
WU widu HADI.

Nalika semanten yuswadalem saweg 20 warsa  
langkung 7 candra.

Watawis 3 warsa saking jumenengdalem Nata  
awit saking keparenging karsadalem badhe anam  
but silaning akrami. Inggang kakersakaken ba  
dhe kapundhut prameswaridalem punika inggang  
rayi B.R.AY. Adipati Anom inggang sampun sa-  
warga asma B.Rj. SUKAPTINAH. Sami atmajani  
pun Kanjeng Raden Adipati Cokrodiningrat. Bu  
pati ing Pamekasan Madura. Dados nama ngarang  
ulu.

Kramadalem amarengi ing dinten Rebo Wage -  
tanggal kaping 16 wulan Besar tahun Jimawal  
1717 Sinengkalan: PANDHITA LUWIH KALOKENG RAT  
Utawi kaping 17 Agustus 1791 Sinengkalan:  
JANMA SANGA ANABDA TUNGGAL. Wuku Kulawu Win-  
du Kuntara.

Mawi pamiwahan ageng-agengan pakajangan ngan  
tos 40 dinten. Salajengipun Prameswaridalem  
kapatedhan asma G.K.Ratu KENCANA.WUNGU.

B.R.M.GUSTI SUGANDI KAJUMENENGAKEN PANGERAN  
ADIPATI ANOM HAMENGGKUNEGORO SUDIBYA RAJAPUTRA  
NARINDRA MATARAM KAPING III ING SURAKARTA HA  
DININGRAT.

Sasampunipun sawarsa kaliyan titimangsa kra-  
madalem wau R.R.M.Gusti SUGANDI sanadyan sa-  
weg yuswa 7 warsa langkung 8 wulan, sinengkak  
aken ing aluhur, winisudha jumeneng Pangeran  
Adipati Anom, kapatedhan sesebutan: KANJENG-  
GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM HAMENGGKUNEGORO SU  
DIBYA RAJAPUTRA NARINDRA MATARAM KAPING III.  
Amarengi ing dinten Senèn Legi tanggal kaping  
24 Wulan Besar Warsa Jé 1718 Sinengkalan: NAGA  
RAJA TINITIHAN JANMA. Utawi kaping 13 Agustus  
1792. Sinengkalan: NEMBAH DEWA KASWARENG JAGAD  
Wuku Mandhangkungan Windu Kuntara.

Manawi wonten pasamuhan ageng lenggahipun Kan-  
jeng Gusti Pangeran Adipati Anom hanyepuhi  
lenggahipun K.G.P.A.A. Mangkunegoro II.  
Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.IV. saya -  
kasok sih katrisnan dalem dhumateng putrada-  
lem Kadipaten. Bebasan tansah kinathik ing -  
ngarsaning Rama Nata rintén dinten. Sabibari  
pun supit, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom  
tansah wineleg ing salwiring kawignyan sarta  
kagunan punapa déning aji jaya kawijayan. tu  
win guna kasantikan lan sapanunggilanipun.  
Para abdidalem hingkang langkung kasagetanipun  
tuwin kagunan sami kadhawuhan amulang wuruk-  
dhumateng Kanjeng Gusti. Babagan Kasusastran  
Karawitan Begsan Katuranggan Kaprajuritan Ka-  
wruh paniti praja lan sasaminipun. Hingkang  
Sinuhun piyambak ugi mboten kendhat anggènipun  
paring piwulang dhumateng putra ing Kadipaten.  
Supados ing tembenipun saged anetepi kuwajiba-  
ning Narindra. Kabekta Kanjeng Gusti tansah -  
wineleg ing piwulang sarta kawruh-kawruh punapa  
déné kagunan lahir miwah batos, pramila kathah  
tetilaranipun ingkang minangka praciha, bilih  
sariradalem linangkung sayektos.

UTAMA hamengku praja tuwin kawula, jer tata tentreming kawula punapa dene karta raharja ning nagari, punika namung gumantung saking daya prabawaming kang jumeneng Narindra. Punika piwulangipun Hingkang Sinuhun P.B.IV. Dhumateng Putra Kadipaten.

Kulup Pangeran Adipati Anom:

Hing tembe sira bakal jumeneng Narindra. Hamengku praja lan kawula. Hanggenteni kaprabon ingsun, sarta wewakiling Hyang Agung. Rumeksa marang tata tentreming kawula sarta - raharjaning negara. Marmane sira becik anula dho PAMBEGANE PARA RATU KUNA\*KUNA, KANG WUS KAWENTAR KAUTAMANE. YAIKU HANGGAWA HAMBEG 4 PRAKARA.

- 1 TANUHITA: Tegese kang bisa anenarik marang ketentremaning ati.
- 2 DARMAHITA: Yaiku pangreh ira marang para san tana abdi sarta kawulanira kang kalayan merakati. Supayane para santana abdi sarta kawulanira padha sumuyut tuwin sumusub dhatan pa sangsaya. Tum raping para wadyanira den bisa nganggo hambeg,
- 3 SAMAHITA: Tegese olah tata krama, hanglung guhi traping pepangkate dhewedhewe. Amarga manawa rineksa pranatane, kabeh mau minangka dadi tatali amrih widadaning praja. Supayane bisa padha lebda marang kridhaning kaprajuritan.
- 4 SARAHITA: Tegese sengsem ulah lelungit miwah wajib amengeti bratane Nata Binathara SRI KRESNA DWIPAYANA ing YAWASTINA. LABETE NATA PINAN DITA PRABAWANE.

Amartani ayemsakisining Buwana, sumusupe ngemu asih. Dene singdditindakake SAMA BEDHA DANA DHENDHA.

TEGESE kang sinebut SAMA:

Manawi asih haywa kawistara, ing lairé dipadha baé.

Déné kang sinebut BEDA, tumrap pamatahing karya haywa nganti wor suh. Kang asal miwah kang plus saringan haywa kongsi kléra kléru.

Trape kang sinebut DANA: Manawi angadili sakabèhé PRAKARA kudu dhatanpa pamrih.

Mungguh kang dèn arani DENDHA: Iku traping pami dosa. Tumindaké kudu anuhoni anggering praja.

Haywa nganti pilih kasih. Sanadyan marang santa na, warga haywa mingset saka teteping adil.

Nanging sarèhning wewengkon praja Surakarta iku jembar tebané. Langka bisané anyumurupi ing sa

wiji wiji. Marmané pangrungkepé SAMA BEDA. Manawa amrih hayuning praja haywa ngétung kadang warga. Kabèh baé rengkuhen padha . Déné bédané

amung weruhana ala beciké pilahen lawan waspada.

Kang ala yogya pinapasa kuwasané, amung pinrih beciké, Ewadéné menawa meksa puguh, tumuli do hono; awit iku wisa kang anggawa rusak. Déné

martaning negara sing sapa nedya rumeksa mamrih hayuning praja, kanthinen minangka réwang, supa

ya sira bisa anyumurupi saniskara gelaring wewengkonira. Kajaba anindakaké hambek 4 prakara kaya kang wus ingsun pangandikakaké mau kabèh.

Kulnp, isih akèh piwulang ingsun marang sira.

Minangka gegaran kanggo jumeneng Narindra Tama.

Rumeksa marang katentremaning nagara lan kawula.

MARMANE WIGATEKNA:

1 Sakèhing piwulang becik antepana, lan sarupaning layang wacanen kabèh. Sira haywa kongsi nampik marang kawruh.

Liré: Lamun sira wus matuh marang wewarahing kabecikan, mesthi kadunungan kanikmatan.

2 Simpena mas picis rajabrana minangka kanggo prabéya kanggo karaharjaning negara. Sentana wadya lan kawulanira.



LIRE: Manawa sira bisa nyalametaké samubarang kang dadi tetanggungan ira, bakal bisa widada wimbuh kuncara anggonira nyekel pusaraning ne gara.

3 Kawulanira padha paringana pangan lan kabu ngahan, kang mangkono iku sira jeneng weruh marang kabutuhaning kawulanira.

4 Anggonira anindakaké rumeksa praja lan ka wuia santosakna. Marmané sira angèsthiya ka sarasan lan pangadilan. Sira weruha marang kabecikan. Tegesé mangertiya marang kagunan lan lelabetaning kawulanira.

5 Reksanen pratingkahira kang rahayu supaya lestariné. Marmané sakèhing tindak tanduk kang temuju marang sapadha padha luwih lu wih marang para nandhang kaswarih. Kang iku Kulup lamun sira wus mangerti marang kang anjalari rahayu. Sira wus kena sinebut SUDIB YA (Linuwih).

6 Sira haywa kendhat anggonira amawas marang solah tingkahing wadyanira. Digarètèh anggon ira mitu turi lan mulang wuruk marang kabecikan.

Liré: Manawa wadyanira padha sumurup marang kabecikan anjalari luwih tumemen anggoné padha rumeksa marang Ratu Gustiné.

7 Tilitinen lawan tilingna kang dadi bot repot té kawulanira, awit iku wus dadi sesanggeman sarta kuwajibaning Narindra.

8 Saben sasiné sira maringana pangan marang para ahli puja brata. Murih padha anggedèkaké rahayuning praja lan yuwananing Ratu. Yèn mangkono sira bakal sinebut ing jagad, lamun sira iku Ratu kang mahambek murah.

9 Lamun sira hanggeganjar marang wadyanira, lu wih prayoga katitiské dhihin. Utamané anali sik anyetèkaké. Manawa wus prayoga, tumuli paringana. Manawa mangkono kagunané wadyanira kang kaganjar mau mesthi banjur tambah

PIWULANGDALEM HINGKANG SINUHUN PAKU BUWANA  
INGKANG KAPING IV.

PANGADHEPE marang Ratu Gustine. Mungguh saja tine kulup. Ratu iku banget disih iing wong-akeh. Bebasan kaya asihe marang sesotya.

- 10 Wruhanira Kulup, kuwajibaning Ratu iku ru meksa marang tata tentreming kawula, sarta raharjaning Negara. Marmane sarupane pamulangan pamidiken, pasembahyangen, tatane dalan-dalan sendhang sendhang pancuran tambak pasar-pasar sapepadhane kang dadi-kebutuhane kawulanira. Padha ruktinen kang prayuga.
- 11 Amawasen kawulanira kang kadunungan kamurkan. Awit wong kang mangkana mau sok dhem wewadul ngandharake alane liyan. Marmane kawula utawa wadya kang mangkana iku pandengen den nastiti. Dikaya pamawasira marang solah tingkahing wardayanira. Nanging manawa wewadule mau goroh, banjur patrapana pahukuman samurwate.
- 12 Den nastiti sarta ngati ati lamun sira arsa amatrapi pahukuman dosa pati marang wadyanira. Prakaranen talitinen sarta sara sehna, kang baresih marang para ahli hukum. Mangkono uga lamun sira arsa anggeganjar sarta peparang, ya iku matitisna paparing lawan pangukum.

Papatihdalem: R. Adipati Jayaningrat, kagentosan  
R. Adipati Mangkupraja Ngayah.  
R. Adipati Danuningrat.  
R. Adipati Cokronegoro.  
R. Adipati Sosrodiningrat.

Jaksadalem: R. Tumenggung Amongprojo I.

Panguludalem: R. Pangulu Tapsir Anom kagantos  
R. Pangulu Martoloyo.

Pujangadalem: R. T. Yosodipuro (Tutuskajang)

KANJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM HAMENGGKUNE  
GORO SUDIBYA RAJAPUTRA NARINDRA MATARAM DIPUN  
PIKRAMAKAKEN.

Kacarios rehningKanjeng Gusti Pangeran Adipa  
ti Anom sampun dewasa, awit saking keparengi  
nging karsadalem Hingkang Sinuhun Paku Buwa  
na kaping IV, putradalem dipun pikramakaken  
kaliyan atmajanipun Raden Mas Hario KUSUMODI  
NINGRAT. Abdidalem Bupati Bumi Gedhe, ingkang  
mijil saking garwa G.R.Aj. Sentul putridalem  
Hingkang Sinuhun P.B.III. Dados pinanggih nak  
sedherek. Wondene R.M. Hario Kusumodiningrat  
punika putranipun G.P.H. Hadiwijaya seda Ka  
liabu. Salajengipun mantudalem wau kapatedhan  
asma saha sesebutan Bandara Raden Ayu Adipa  
ti Anom Hamengkunegoro.

PARA OPRUP NALIKA JUMENENG DALEM.

- 1 Van Stralendorf.
- 2 W.A. Palm.
- 3 A. Hartsinch.
- 4 J. Fr. Baron van Reede.
- 5 B. J. van Liebeherrs
- 6 J. G. vanden Berh.
- 7 B. T. van Liebehers
- 8 J. A. van Braam.
- 9 H. W. Geelschap.
- 10 H. G. Adams.
- 11 H. Hope.
- 12 J. Robinson.
- 13 J. M. Johnson.
- 14 P. W. Pingkel van Haak.
- 15 W. H. van Yseldyk.
- 16 H. T. Lippe.
- 17 R. Van Pelm.
- 18 Mr G. H. Nahuys.

\*\*\*\*\*

## GAMELAN SEKATEN.

MITURUT PENGETAN ING KRATONDALEM SURAKARTA HA  
DININGRAT.

Sareng jumenengdalem Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.IV/ Kapateng yasa gangsa Sekaten Supados hanyisihi Kyai GUNTUR MADU. Yasanda - lem Hingkang Sinuhun Kanjeng Sultan Agung PRA BU HANYOKBOKUSUMU ing Mataram. Sareng dados kalih prangkat, Kyai Guntur Madu kapasang wonten KIDUL plataran Masjid Ageng, Inggal kaparingan nama Kyai Guntur Sari, kapasang wonten sisih Lèr. Inggal murwakani ungeling gangsa Kyai Guntur Madu, gendhingipun RAMBU. Sasuwukipun gangsa, Kyai Guntur Sari munggal gendhing RANGKUNG. Anerangaken bilih gangsa Sekaten punika medalipun ing bangsal pagongan Masjid Ageng Surakarta. Namung saben tanggal 5 dumugi 12 wulan MULUD. Rènning gendhingipun namung warni kalih, Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom mirengaken bosen. Gendhing RAMBU sarta RANGKUNG, punika saking Kraton Demak. Kalastantunaken dumugi sapriki. Awit saking punika anyarengi wulan Mulud, Kanjeng Gusti kapareng anyarirani ngasta BONANG gangsa Sekaten. Sabibaripun ngungelaken gendhing Rangkung, kadhawuhan nglajengaken gendhing BUNDHET. Panabuhipun bonang imbal-imbalan. Sampeyandalem Hingkang Sinuhun amiarsa bilih ungeling gendhing Sekaten benten kaliyan padatan. Pramila lajeng inggal utusan abdidalem Hurdhenas, kadhawuhan haniti priksa dhumateng bangsal pagongan Masjid Ageng. Utusandalem sareng dumugi ing bangsal pagongan anyumurupi bilih Kanjeng Gusti nyarirani ngasta bonang. Lajeng daya-daya wangsul malebeting Kraton. Saperlu hangunjuki huninga Hingkang Sinuhun, dupi amiarsa unjukipun abdidalem Hurdhenas mboten handadosaken dukaning-panggalihdalem. Malah abdidalem lajeng kadha

wuhan wangsul dhumateng bangsal pagongan ing Masjid Ageng. Handhawuhaken timbalandalem dhumateng abdidalem Demang Niyaga ingkang tampi ayahan wonten ing bangsal pagongan Sekaten. Bilih ing Wulan Mulud punika ngantos salajengipun, ungeling kagungandalem gangsa Sekaten kapareng mawi gendhing sanèsipun. Uger mboten anilar gendhing baku inggih punika RAMBU tuwin RANGKUNG.

### BAB KASUSASTRAN.

Kacarios, sareng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kawistara saya majeng anggènipun kapareng maos serat-serat piwulang kina, nuju setunggaling wekdal kaparingan serat piwulang déning Kanjeng Ramadalem, nama SERAT WULANG REH. Serat Wulangreh punika amarsitakaken bab NISTHA MADYA tuwin UTAMANING lelabetan. Yasan dalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan P.B kaping IV ing Surakarta Hadiningrat. Ing ngandhap punika kahaturaken tetedhakan purwaka tuwin pungkasanipun, sinawung ing sekar macapat tuwin tengahan minangka praciha temen yasan dalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana kaping IV.

Purwaka sinawung ing sekar Dhandhanggula.

1 Pamedharé wasitaning ati, Cumanthaka aniru pujangga. Dhahat mudha ing batiné. Nanging kedah ginunggung, dhatan weruh yèn kèh mèsèmi. Ameksa hangrumpaka, Basa kang kalantur Tutur kang katula-tula, Tinuladan rinuh kalawan ririh, Mrih padhang ing sasmita.

Pungkasanipun sinawung ing sekar Girisa.

23 Tititamating carita serat wewaler mring putra. Kang yasa Sri Maharaja Paku Buwana kaping PAT. Karsané Sri Maharaja ing galih panedhanira, Kang amaca amiyarsa, Yèn lali muga élinga.

- 24 Telasé panuratipun, Besar tanggal kaping wolulas. Akat Pon Dal sinengkalan, Tata guna sabdèng Raja (1735) Masasta windu Sancaya. Pamujinirèng kawula, Ya ALLAH kang luwih wikan, Obah osiking kawula.

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom sateng sampun titi saha pamaosipun, amanggalih bilih Serat Wulangrèh punika, perlu dipunjangkepi mawi serat ingkang langkung moncèr tuwin pepak isi nipun. Awit saking punika Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, dhawuh dhumateng Penèwu Carik Kadipatèn nama Ki. Ngabèhi Ronggo Sutrasno, ka dhawuhan ngyasakaken serat piwulang dinapuk carios utawi dedongengan ingkang amarsitakaken gegambaran tuwin pikajenganipun manusa ingkang manéka warni. Liripun wonten ingkang remen dhateng padamel maksiatan. Wonten ingkang remen tumindak ing kautaman, sawenèh wonten ingkang anggilot ngelmi tuwin kawruh-kawruh sanèsipun. punapa déné anggambaraken pikajenganipun tiyang ingkang remen anèh-anèhan ugal ugalan lan sasaminipun. Wondéné ingkang minangka kanggé jeripun carios, kaparingan serat Suluk Jatiswara, kadhawuhan mbabar tuwin ambèbèraken ngantos moncèr.

Mawi kadhawuhan hanyariosaken kawontenan saha dedongenganipun sadaya ardi-ardi, guwa-guwa, patilasan= patilasan wana-wana candhi-candhi sapanunggalanipun ingkang pinanggih wonten ing Pulo Jawi.

Serat suluk Jatiswara punika miturut pandugani pun pangripta yasandalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana kaping III. Mendhet pepiridan saking ungeling sangkalanipun: Jati Tunggal Swara Raja. Anedhahaken tahun Jawi: 1711 punika teksih salebeting jumenengdalem Sampeyandalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana kaping III.

## GENDHING GADHUNG MELATHI.

Gendhing Gadhung Melathi, punika kalebet gendhing PUSAKA ing Kraton dalem Surakarta. Won tenipun sampun wiwit dhukrikala jumenengdalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana IV. Déné sejarahipun mekaten.

Mila gendhing pusaka kasebut gawat, lan mboten saben tiyang saged nglampahaken sarta mboten kapareng nglampahaken. Amargi asalipun saking Seganten Kidul. Ing sakawit, pisungsungipun Kanjeng Ratu Kidul Kencana Sari, kacaosaken Rakadalem Hingkang Sinuhun P.B.IV.

KACARIOS: Rikala semanten, Hingkang Sinuhun Paku Buwana IV, kagungan abdidalem MIJI panggender èstri, niyaga kasepuhan, nama Nyai JLAMPANG. Punika misuwur genderanipun. Tur kathah kawruhipun dhateng gendhing-gendhing gender. Saking misuwuripun ngantos dipun timbali ing ngarsadalem Gusti Kanjeng Ratu Kidul.

SEJARAH nyebataken, bilih nuju satunggiling mangsa, ing Surakarta kataman pageblug. Tiyang tiyang sami giris, sakit siyang sonten pejah. Sakit dalu injing pejah. Kocapa abdidalem Nyai JLAMPANG kala semanten ugi kataman sesakit. Dangu dangu saya majeng sakitipun. Mbadal salwiring usada. Ngantos hanjalari ing ajalipun. Sa daya anak putunipun sami sungkawa. Kawontenani pun Nyai Jlamprang makaten wau handadosaken prihatin dalem, Hingkang Sinuhun. Nanging bobotipun Narindra ingkang kalebet wicaksana lan uninga sadaya gelaring jagad raya, miwah mboten kekilapan tumrap usiking sasmita. Panjenengan dalem, tetep ayem ing salebeting wardaya. Nadyan tumrap tata lahir ugi hangen dikakaken sungkawa ning panggalih dalem.

KOCAPA: Nyai Jlamprang ingkang sampun ajal kalawau, sadaya kulawarganipun sami tangisan.

NANGING kaélokaning Pangeran ingkang Murbeng Ku waos hamisésa gunging titah. Dukrikala jisim ka rubung sadaya anak putu, ingraos pangraosipun kadi déné dipun timbali sowan lumbet Kraton. Hingkang ngirit nyai Tumenggung kalih, marak ing ngarsanipun Kanjeng Ratu. Lenggah ing Kadaton Kencana. Namung Nyai Jlamprang rumaos dèrèng pi sano naté sumerep. Kanjeng Ratu sinten ingkang nimbali punika. Lan Kedhatonipun ugi sanès Kedhaton Surakarta. Sawek manah kawontenan ing kang nembé sapisan punika dipun alami, lajeng kabagèkaken déning Kanjeng Ratu, sarwi paring dawuh makaten.

E, Jlamprang, sira aja kagèt. Marmané sira ing sun timbali. Ingsun iki kang sira suwitani, nora bédha lawan anggonmu suwita marang Rakaningsun, Njeng Sinuhun ing Surakarta. Ingsun ingkang ju meneng anéng Kedhaton Samodra Kidul.

Saweg dumugi samanten, salah satunggiling abdida lem Nyai Tumenggung tapi sasmita, lajeng sumambet. Inggih Dhi, ingkang sampéyan adhep punika Kanjeng Ratu Kencana Sari.... Sareng makaten Nyai Jlamprang saweg mangertos. Ngunjukaken sembah lan linggih ingkang prayogi. Wonten dawuh pangandika dalem Gusti. Nimbali pun Jlamprang? Kanjeng Ratu nglajengaken pangandikanipun. Nyi, Sira ing sun timbali, amarga ing sun banget kayuyun marang ka prigelanira manawa hanggendêr. Muyeke, runtut, gelut ugelpakis. Sira ing sun pundut dadi abdiningsun. Déne manawa ana dukané Rakaningsun Sinuhun ing Surakarta, ing sun kang hananggung.

Kumepyur raosing manahipun Nyai Jlamprang, bada nipun gemeter, angles manahipun. Wasana munjuk Sakalangkung sembah nuwun kapundi. Nanging mugimboten handadosaken dukaning panggalihi dalem, Gusti. Abdidalem kawula nyuwun mopo, awit taksihi remen hanetepi suwita ing Kanjeng Raka dalem, Hingkang Sinuhun ing Surakarta. Sapandurat Kanjeng Ratu mboten ngandika, déning saget welas ha mirsani kawontenanipun Nyai Jlamprang.



Wasana lajeng paring pangandika mekate:

Nyi wis aja sumelang, aja cilik atimu. Ingsun ora bakal meksa. Mung wae Jlamprang, ndadèkna wruhani...  
ra. INGSUN KAGUNGAN GENDHING, JENENG GADHUNGMLA  
THI.

Iku gendhing kudu dadi kagunganing Rakaningsun Sinuhun ing Surakarta. Amarga gedhé sawabé. Kena kinarya tetumbal, mamrih raharjaning nagara. Iku ing sun wulangaké marang sira. Yèn wus kacakup, sira ing sun lilani babi lan unjukna Raka Jarindra ing Surakarta.

Asrep cles, lir siniram ing tirtamarta. Raosing manahipun Nyai Jlamprang, sarwi munjuk nuwun san dika, mugè angsal berkah pangèstu dalem. Tumuli hanyakup piwulang dalem gendhing GADHUNG MELATHI.

KACARIOS: saking raos pangraosipun Nyai Jlamprang nyumurupi bilih Kanjeng Ratu Kencana Sari lajeng mundut gendèr Nyai Mas Tumenggung kalih. Mboten dangu ingkang kapundhutan sami ngladosa ken pundhutan dalem Kanjeng Ratu. Nyai Jlamprang sagalangkung éram nyumerepi wujudé gendèr. Mancorong piwulang kencana sinangling. Plangkanipun gadhing ingukir tinarètès ing sesotya murup. Ri nengga ing mirah delima nila widhuri, tinapung gul ing muteara mubyar. Keclap keclap kahampil Nyai Mas Tumenggung.kalih. Kahunjukaken Kanjeng Ratu. Sareng sampun sumelèh ing ngarsa dalem, saya katingal mancorong sunaring gendèr wau.

Awit kasembuh ing indahing warni dalem. Dasar karengga ing busana adi. Kanjeng Ratu wiwit paring piwulang gendhing GADHUNG MLATHI, lan dha wuh dhumateng Nyai Jlamprang: Nyi wigatekno lan lebokno jroning pangrasa. Jèr gendhing iki ora mung waton linakon déning panggendèr kang prigel. Nanging kudu binarung osiking rasa. Nyai Jlamprang nyandikani sarta ing batos tansah nyenyuwun mring Hyang Agung mrih lulus kabadan peparing dalem panabuhing gendhing pusaka wau. Kawi witan saking jineman Gadhung Mlathi.

LAJENG katampèn ing GENDHING GADHUNGMLATHI. La drangan Slindro 9. Angsal kalih elikan, wirama, sesek, lajeng santuh cingkok minangka miunggah. Minggahipun Gadhung Mlathi wau wonten ingkang mastani, ladrang ubal ubal. Watawis wangsul ka ping kalih, lajeng dados ayak ayakan cingkok Gadhung Mlathi. Satelasing cènkok Gadhung Mlathi, irama seseg dados ayakan wantah, lajeng suwuk.

Anggènipun hanggendèr Kanjeng Ratu gendhing Gadhung Mlathi wau, tansah dipun ambali, supados Nyai Jlamprang inggala nyakup. Nyai Jlamprang inggih saged hanggatosaken. Wantuning tiyang ingkang pana, ing gendhing, mila sempat launing gendèr, mireng sakedhap lajeng saged. Sareng sampun angsal tigang babak, Nyai Jlamprang lajeng gentos dipun dhawuhi nggendèr. Kanjeng Ratu hanjenengi. Sanget éram ing panggali dalem, déné sampun cèples mboten gesah sakedhik kedhika, kaliyan anggènipun mucal Kanjeng Ratu.

Awit saking sampun kagali nyakup samudaya nipun Nyai Jlamprang lajeng kalilan mundur, saha kadhawuhan wangsul. Kaparingan sangu warni kunir lan kapuk kapas, minangka pratandha.

Inggaling carios Nyai Jlamprang salebetipun karubung anak putu lan kadang kadéan ingkang nedya hamiwiti nyucèni jisimipun, lajeng saged gesang malih. Kadospunapa kagèdipun sadaya ingkang nyumurupi. Inggih kagèd inggih bingah ingkang tanpa upami. Malah katingalipun, saras babar pisan saking panandhang sakit, ingkang hanggegirisi ingkala punika. Nyai Jlamprang lajeng tangi, linggih nggumun sumerep tiyang kathah ingkang sami ngrubung, nanging taksih kendel kémawon. Dèrèng wonten ingkang wijantenan. Gumun tinanggapan ing pandeng pandengan datan wonten ingkang kawedal ucapané. Sepi samun sakedhap. Lajeng kapi reng suwanten dhèhèm dhèhèm, inggih punika Nyai Jlamprang wiwit saged dhèhèm, sarwi ngucek mripat. Sareng sampun tata manahipun, lerem lan aring napasipun. Nyai Jlamprang mèsèm hambagèkaken

SADAYA ingkang wonten ngriku, lajeng pitakèn. Wonten punapa déné sadaya sami ngrubung piyam bakipun ? Saéngetipun Nyai Jlamprang saweg nan dhang raga. Tilem sapunika kraos énthèng, mboten wonten ingkang karaosaken sakit. Anakipun ingkang sepuh piyambak suka wangsulan. Bilih ing uni embokipun kinging aradah, pagebluking nagari, sakit ngantos sanget. Wusana mbadal saking jampi, ngantos dumugi pralaya. Mila sami layat ngrubung lan badhé wiwit nyucèni jisimipun. Nanging teka sami mrangguli kaélokkan. Mbokipun pulih saras, mboten kawistara marawi bibar ka taman sakit. Nyai Jlamprang namung manthuk manthuk, lan carios bilih Pangeran Kang Maha Kawa sa punika pancen manawi hangarsakaken, saged damel kaélokkan, ingkang mboten saged pinanggih ing nalar. Tundhonipun namung sami hangunjuka ken syokur lan hangrumaosi bilih sadaya titah ka wula punika kedah hamung sadarmi nglampahi kang kinodrat.

Sasampunipun aring napasipun, gentos Nyai Jlamprang wiwit handongeng lelampahanipun. Purwa tumekeng wasana. Mboten kasepèn bab kaparingan kasagetan hanggèndèr Gendhing GADHUNG MLATHI. Inkang kedah kahunjukaken Hingkang Sinuhun. Ing wegdal ndongèng wau, tanganipun Nyai Jlamprang taksih hanggegèng. Sareng dipun engakan sami ngertos bilih ingkang kagegèng ing tangan kiwa wujutipun emas, ingkang tengen selaka Saya damel gawoking ngakathah.

Sareng sampun pulih babarpisan badanipun, Nyai Jlamprang lajeng sowan mlebet Kraton. Hangunjukaken Gendhing GADHUNG MLATHI, wau ing ngarsa dalem Hingkang Sinuhun sarwi ngaturaken lelampahan ingkang élok kalawau. Hingkang Sinuhun hamung gedhèk gedhèk kémawon, wasana gumujeng. Sanget handadosaken suka pirenaning panggali dalem. Nyai Jlamprang kaganjar arta kathah sanget. Panganggèn sadasa pangadeg. Kampuh seratan Kaputrèn Kraton.

Nalika hing Kraton nuju ajar bedhayan kados-  
padatan. Hingkang Sinuhun kepareng nyobi titi-  
han dalem kapal (turangga) inggal, mawi dipun  
gameli. Bibar bedhayan, Nyai Jlamprang kadha  
wuhan nyobi ngungelaken gedhing GADHUNG MELA  
THI. Sareng sampun suwuk, Hingkang Sinuhun  
ngandika: Sabdadalem handadèkaké suka pirena  
ning panggali ing sun. Gendhing GADHUNG MELA  
THI iki, dadiya pusaka Kraton ing saturun tu  
runingsun. Rèhdéné iki gendhing pisungsung sa  
ka garwaningsun kang Hangadhaton ing Samodra  
Kidul. Marmané aja kongsi kabunèkaké, miwah  
ing sadurungé hanyadhong lilah garwaningsun  
Kanjeng Ratu Kencana Sari luwih dingin.

\*\*\*\*\*

KANJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM GUSTI SU  
GANDI DIPUN PALAKRAMAKAKEN MALIH.

Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom sakunduri  
pun saking Kitha Semarang, lajeng sowan ing-  
ngarsadalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana IV.  
angunjuki uninga prastawa ingkang tumanduk -  
dhumateng sariranipun.

Ramadalem paring dhawuh: Bilih sadaya kadado  
san utawi sadaya lelampahaning manungsa punika  
namung kedah tinampi kalayan sabar, tawekal -  
tuwin narimah. Punapa déné kedah pitados dha  
teng panguwaosipun Hyang Kang Amurbèng Rat.  
Hingkang Sinuhun ugi ngambali dhawuhdalem ing  
kang sampun naté kawiyos, bilih samangsa sam-  
pun dumugi wahyaning mangsa kala, Landi badhé  
anilaraken Tanah Jawi piyambak. Inggang puni-  
ka Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom kadha  
wuhan pitados dhateng pepesthèning lelampahan.  
Kekiranganipun punapa rerancangandalem Hing-  
kang Sinuhun Paku Buwana Kaping IV. anggèni-  
pun kagungan karsa badhé angésahaken Gupermen  
Walandi saking Nagardalem. Wusana dhèrèng -

ngantos tumindak sampun kadunungan déning te-  
lik sandining Gupremèn Walandi. Ing satemah-  
ngantos kepeksa angurbaraken Rayidalem K.G.P.  
A.H. Mangkubumi I Surakarta, saha Papatihdalem  
Kanjeng Raden Adipati Mangkuprojo dados beban  
ten. Kapasrahaken dhateng Gupernur Jendral Wa-  
landi, ingkang salajengipun kakindhangaken.  
Dhawuh pangandikanipun Kanjeng Ramadalem wau  
kados-kados Kanjeng Gusti Pangeran Adipati -  
Anom dhèrèng saged anjalari lilihipun pangga-  
lih, kacihna, kabuktèn sampun pinten-pinten pa-  
sowan K.G.P. Adipati Anom mboten sowan Hing-  
Kang Sinuhun.

Ingkang makaten wau hanjalari sungkawaning -  
panggalihdalem. Hingkang Sinuhun Kanjeng Susu-  
hunan kuwatos bilih putradalem ing Kadipaten  
saya ngureng panggalihipun.

Ing satunggiling wekdal Hingkang Sinuhun arim-  
bali pisowanipun Risang Narpatmojo ing Kadipa-  
tèn. Sareng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati -  
Anom sampun sowan ing ngarsadalem, kaparingan  
dhawuh bilih badhé dipun palakramakaken malih.  
Badhé kadhaupaken kaliyan B.R.Aj. KABIBAH puni-  
ka putra tilaranipun K.R. Adipati JAYANINGRAT.  
ingkang mijil saking garwa putridalem Hingkang  
Sinuhun Kanjeng Susuhunan P.B.III. Wondene K.R.  
Adipati punika Papatihdalem alam jumenengdalem  
Hingkang Sinuhun P.B.III.

Inggaling carios sareng sampun dumugi dinten  
pawiwahan. Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom  
Hamengkunegoro Sudibya Raja putra Narindra Mata-  
ram ing Nagari Surakarta Hadiningrat, palakra-  
ma kaliyan B.R.Aj. KABIBAH widada ing nir sam-  
bekala. Salajengipun garwa Kadipaten ingkang  
sepuh kaparingan asma Bandara Raden Ayu Kadi-  
paten SEPUH. B.R.Aj. Kabibak kaparingan asma  
BANDARA RADEN AYU KADIPATEN ANEM. Kagungan -  
putri satunggal G.R.Aj. KATIBAH. Sareng dewasa  
asma G.R.AY. SEKAR KADHATON.

WOH KURMA 3 IJI ANGBAL ANGSALIPUN SAYID SAKING  
TANAH ARAB.

Sigeg: Gantos cinarita.

Anyarengi ing wulan Ramelan (Puasa) Hingkang Sinuhun Paku Buwana IV, hanampèni pisowanipun satunggiling Sayid saking Tanah Arab.

Menggah wigatosipun namung angunjukaken bebetanipun angsal-angsal woh kurma 3 iji.

Hingkang Sinuhun sak kalangkung ngungun ing salebeting wardaya, déning satunggiling Sayid saking tanah Arab lumawat dhateng Tanah Jawi. Lajeng sowan ngabéantara ing ngarsadalem, namung saperlu angunjukaken woh kurma cacah 3 iji Hingkang Sinuhun sampun kagungan hanyakrabawa. Bilih punika namung satunggiling pralambang. Premila Sayid lajeng kadangu, menggah ingkang dados wredinipun. Sayid munjuk ing ngarsadalem bilih mbinjing putradalem tiga pisan badhé ju meneng Narindra. Sasampun ngandharaken sasmita ning gaib, Sayid lajeng tumunten lengsèr saking ngarsadalem. Hingkang Sinuhun dhatanpaliwara.

Sapering pasowanipun Sayid wau, Hingkang Sinuhun sapandurat dhatan enget Purwa duksinané. labet saking sakalangkung kagiyat raosing pangalih. Amenggalih dhumateng werdining pralambang ingkang kahunjukaken déning Sayid wau. Raosing panggalihdalem, tamtu badhé wonten lelam pahan anganèh-anèhi ingkang handadosaken retuning Nagari dalem. Jalaran saking pakartining putra-putradalem piyambak. Inggang makaten wau njalari gorehing panggalihdalem. Awit saking punika Hingkang Sinuhun badhé atilar keprabon - Arsa mandhita wonten ing dhusun Cemani. Kapre nah sak kidulkilèn Kuta Surakarta. Bawah Kacamatan Grogol, Kabupaten Sukaharja. Hing dhusun Cemani punika sampun dipun yasani pasanggrahan ing salebeting tahun Jé 1734. utawi masèhi 1807 Wondéné keprabon dalem badhé kapasrahaken

dhumateng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom. Kersadalem wau mboten saget kasembadan, jalaran Hingkang Sinuhun anandhang raga.

Sadangunipun gerah aering animbali para sentana samawana abdidalem kinasih. Dipun jakngandikan wonten kamar pasaréyan dalem.

Sanès dinten Hingkang Sinuhun ngantos animbali pasowanipun Papatihdalem. K.R. Adipati Sosrodiningrat II.

Hingkang Sinuhun paring pangandika bilih gerahing sariradalem saya kraos awrat. Mbok manawi kinarsakaken Gusti KANG MURBENG DUMADI sariradalem kundur ing kasédan jati, Hingkang Sinuhun mundhut PRASETYANIPUN K.R. Adipati Sosrodiningrat II. Kadhawuhan ngladosi putradalem hingkang gumantos Nata kaliyan setya sumungkem, punapa déné kadhawuhan hamomong dhumateng para putradalem sadaya. Sampun ngantos sami pasulayan, antawisipun sedhèrèk piyambak. Sasampunipun K.R. Adipati Sosrodiningrat II nyandikani dhawuh timbalandalem, lajeng kali lan medal saking pasilan.

Kacarios saking watering panggalihi dalem anggenipun amanggalihi wecaning Sayid saking Tanah Arab, nalika samanten gerah dalem sayakatingal majeng.

Temahan hanjalari murud dhumateng don Kasédan jati.

SURUD DALEM AMARENGI ING DINTEN MALEM SENEN PAING TANGGAL KAPING 25 WULAN BESAR WARSA - ALIP 1747. SINENKALEN: SIRNANING PANEMBAH - ANGESTHI TUNGGAL. UTAWI OKTOBER 1820 WUKU - MARAKEH WINDU SENGARA WANCI JAM 7.30 SONTEN.

Suruddalem dumugi yuswa 52 Warsa. DENE LAMINI PUN JUMENENG NATA HANGASTA PUSARANING NAGARI 33 Warsa. Jumenengdalem Nata tahun 1788.

Surud dalem ing tahun 1820.

Wiosandalem ing tahun 1768.

PUSTAKA WASIYATDALEM HINGKANG SINUHUN KANJENG  
SUSUHUNAN PAKU BUWANA IV DHUMATENG PARA PUTRA  
PUTRIDALEM SADAYA.

Anuju satunggiling dinten Sampeyandalem Hingkang Sinuhun animbali pisowanipun abdidalem-Pangulu, Kyai Pangulu MARTALAYA. Kaparengan-pustaka wasiat tumrap para putra putridalem-sadaya. Inggang sampun kapacak sawatawis war sa kapengker sinartan kitirdalem Hingkang Sinuhun dhumateng Kyai Pangulu Martalaya.

Sasampunipun sadaya wau katampèn déning Kyai Pangulu Martalaya, Hingkang Sinuhun. paring pa ngandika, supados Kyai Pangulu angistokaken suraosing kitir dalem. Hingkang minangka dados paugeran anggènipun kadhawuhan angleksana ni, suraosing pustaka wasiyat. Samangsa Hingkang Sinuhun sampun surud dhumateng kasédanjati. Kyai Pangulu lajeng kalilan medal saking pasilan.

Menggah surasaning kitir dalem punapa déné pustaka wasiyat tumrap para putra putridalem kados tetedhakan inggang kapacak ing ngandhap punika.

TETEDHAKAN KITIRDALEM DHUMATENG KYAI PENGULU  
MARTALAYA.

Salam manira marang kakang Pangulu Martalaya. Kakang Pangulu sira aja wani-wani angowahi apa sak uniné layang manira iki. Parintah manira kang kamot ing layang manira iki pama-pama dikalakon, lan maningo layang manira, sira simpenana. Darapun mbésuk ing sapungkur manira aja nganti lali marang jenengé tumbak-utawa keris siji-sijiné. Sak namané kang manira wasiyati. Si kakang aja nganti lali. Muga-muga putra-putra manira lanang wadon, kang tuwa miwah kang anom, kabèh padha hangistkeno.



Anggon manira masiati kang wus muni ing layang iki lan muga padha narimaha ing pandum.

AMIN YA ROBBIL ALAMIN.

Lan maninga wekas manira marang Si kakang, be suk sapungkur manira, yen manira kinarsakake Gusti Allah tinekakaken ing janji, manawa Gus tinira kang jumeneng Nata angrusak Walanda - yen sira weruh utawa mangrungu, iku pama-pama kakang banget gundhelana. Polanepinada karo - napsu amarah lan luwamah.

Wondene mbesuk wong Jawa yen wis bisa ngilang ake napsune Amarah lan Luamah Walanda nora su sah nganggo diperangi atas karsaning Allah - wis masthi lunga dgewe.

Iku poma kakang Pangulu, sira istokena, dite men wasiyat manira. anggenira dadi Pangulu- menyanga saturun-turunira, lan saturun-turun manira padha angestokena, kang temen-temen. Ing sapiturute kabeh turun tumurun ing dharah manira lan turunira. AMIN.

TETEDHAKAN PUSTAKA WASIYATDALEM INGKANG SINUHUN KANJENG SUSUHUNANPAKU BUWANA IV DHUMATENG PUTRA-PUTRI SADAYA.

Penget layang ingso: Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana Senapati Hing Ngalaga- Abdulrachman Sayidin Panata Gama ingkang jume neng kaping IV ing Surakarta Hadiningrat. Inggang dihin salam ingsun kapindho dhawuha- marang sira putraningsun kabeh, lanang wadon gedhe cilik tuwa anom. Lire ingsun paring wa siyat marang sira kabeh kang arupa keris sa prabote atanapi kang arupa tumbak saprabote- iku minangka warisanira.

Putraningsun Kanjeng Gusti Pangeran Adipati- Anom Hamengkunegoro Sudibya Rajaputra Narin- dra Mataram kaping III ing Surakarta Hadini- ngrat. Ingsun patingi keris Kyai Baruang lan

Kyai Maésa soka, tumbake Kyai Hantu lan Kyai Sangupati.

2. Putraningsun kang atuwa, sadurunge dadi Pangeran Adipati Anom B,R,M,G. Sugandi, ingsun paringi keris Kyai Jalak lan Kyai Jimat tumbaké Kyai Balaragas lan Kyai Pacukilan.
3. Putraningsun B.K.P.H. Hangabèhi, ingsun paringi keris Kyai Jenang Kunta tumbaké Kyai - Tejabanyu.
4. Putraningsun B.K.P.H. Kusumoyudo ingsun paringi keris Kyai Udanpejatèn tumbak Kyai - Klosot.
5. Putraningsun B.K.P.H. Natabrata, ingsun paringi keris Kyai Sihtankober tumbak Kyai - Birawa.
6. Putraningsun P.K.P.H. Notopuro, ingsun paringi keris Kyai Jimat tumbak Kyai Sulanjari.
7. Putraningsun B.K.P.H. Mloyokusumo, ingsun paringi keris Kyai Rangga tumbak Kyai Bapak aki.
8. Putraningsun B.K.P.H. Demang Tanpanangkil ingsun paringi keris Kyai Bantala tumbak Barukemamang.
9. Putraningsun K.G.P. Adipati PURUBOYO ingsun paringi keris Kyai Berkat Kyai Kandeg tumbak Kyai Pacar lan Kyai Banthèng.
10. Putraningsun B.K.P.H. Jayakusumo ingsun paringi keris Kyai Bontit tumbak Kyai Dewale lana.
11. Putraningsun B.K.P.H. Balater ingsun paringi keris Kyai Kasur tumbak Kyai Kopèk.
12. Putraningsun B.K.P.H. Yomowiduro sun paringi keris Kyai Muntap tumbak Kyai Bintul.

13. Putraningsun B.K.P.H. Pringgoloyo, ingsun paringi keris Kyai Dhukun tumbak Kyai Se kartejo.
14. Putraningsun B.K.P.H. Danupaya ingsun paringi Keris Kyai Maesa Marga. tumbak Kyai Pangarit.
15. Putraningsun B.K.P.H. Hadikusumo ingsun paringi keris Kyai Sekartejatumbak Kyai Rawe.
16. Butraningsun B.K.P.H. Priyombodo ingsun paringi keris Kyai Sembada tumbak Kyai Nagalanang.
17. Putraningsun B.K.P.H. Panji Anom ingsun paringi Keris Kyai Slamet tumbak Kyai Ba ruang.

Ana dene putriningsun ora ingsun paringi tumbak, namung ingsun paringi keris bae. Karana keris iku sinangkelit ing lambung. Dadi minangka tatali anggone salaki rabi supaya kuwat - pengkuh kenceng, aja nganti wudhar. Marmane - ingsun arani KANCING GELUNG.

Mangka ingkang dihin ingsun aparingi kancing gelung maring putriningsun.

1. G.R.Ay. Brotokusumo ingsun paringi keris Kyai Jakatuwa.
2. G.R.Ay. Brotojoyo ingsun paringi keris Kyai Putut.
3. G.K.R. Pambayun ingsun paringi keris Kyai Cengkrong lan Kyai Panteleng.
4. G.R.AY. Kusumaningrat ingsun paringi keris Kyai Bondan.
5. G.R.Ay. Jayaningrat ingsun paringi keris Kyai Gagak.

6. G.R.Ay. Mangkudiningrat ingsun paringi keris Kyai Pacar.
7. G.R.Ay. Padmodipuro ingsun paringi keris Kyai Cebol.
8. G.R.Ay. Spsrodiwiryo ingsun patingi keris Kyai Nagasasra.
9. G.R.Ay. Cokrodipuro ingsun paringi keris Kyai Panjidhukun.
10. G.R.Ay. Padmokusumo ingsun paringi keris Kyai Pedhang Kinanthi.
11. G.R.Ay. Megatsari ingsun paringi keris Kyai Kumbalageni.
12. G.R.Ay. Wiroatmojo ingsun paringi keris Keris Kyai Sekar.
13. G.R.Ay. Mangkuyudo ingsun paringi keris Kyai Antup.

Katulis ing dina Anggara Kasih tanggal kaping 22 sasi Rejeb tahun Dal 1735 mangsa Katiga Wuku Tambir.

Sigek: Sanes dinten Hingkang Sinuhun gantos-animbali pasowanipun Papatihdalem K.R. Adipati Sosrodiningrat II. Hingkang Sinuhun paring pa ngandika, bilih gerah dalem saya kraos awrat. Mbok manawi kinarsakaken dening Gusti Inggang Murbeng Dumadi sariradalem kundur ing kasedan jati, Hingkang Sinuhun mundhut prasetyanipun Kanjeng Raden Adipati Sosrodiningrat II kadha wuhan ngladosi putradalem ingkang gumantos Nata kaliyan setya sumungkem. Punapa dene kadha wuhan hamomong dhumateng para putradalem sada ta, sampun ngantos sami pasulayan antawisipun sadherek piyambak. Sasampunipun Kanjeng Raden Adipati Sosrodiningrat II sandika punapa kersadalem sadaya. Lajeng kalilan medal saking pasilan.

SURUDDALEM HINGKANG SINUHUN KANJENG SUSUHUNAN  
PAKU BUWANA SENAPATI ING NGALAGA ABDULRACHMAN  
SAYIDIN PANATAGAMA INKGANG JUMENENG KAPING IV

Kacarios: saking wantering panggalihdalem ang  
gènipun amenggalih wecanipun Sayid saking Ta-  
nah Arab nalika semanten. Gerahdalem saya ka-  
tingal majeng, temahan hanjalari murud dhuma  
teng don kasédan jati.

Suruddalem hamarengi ing dinten malem Senen -  
Pahing tanggal kaping 25 Wulan Besar Warsa  
Alip 1747 Sinengkalan: SWARA SUCI SABDA RAJA  
utawi kaping 2 Oktober 1820. Sinengkalan: SIR  
NANING PANEMBAH ANGESTHI TUNGGAL. Wuku Mara-  
keh WINDU Sengara wanci jam 7.30 dalu.

Sampuning rampug pangruktining layondalem ka  
sarekaken dhumateng Pajimatan Imogiri ing Ka  
dhaton KASWARGAN.

Suruddalem dumugi yuswa 53 Warsa déné lamini  
pun jumeneng Nata angasta pusaraning praja sa  
lebetipun 33 warsa.

NAGARI SURAKARTA HADININGRAT DALAH SAWENGGKONI  
PUN SADANGUNIPUN KOMPLANG (DERENG WONTEN ING  
KANG JUMENENG NATA) PAPRINTAHANIPUN KA ASTA  
DENING: TUWAN RESIDEN SURAKARTA KALIYAN KAN  
JENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM HAMENGGKUNEGO  
ROSUDIBYA RAJA PUTRA NARINDRA MATARAM KAPING  
III ING SURAKARTA HADININGRAT, DIPUN EMBANI  
DENING KANJENG RADEN ADIPATI SOSRODININGRAT II

Nalika samanten Yuswadalem sampun 36 warsa  
langkung 8 candra 27 hari.

Residen: Tuwan LITNAN, KOLONEL RIDDER MEESTER  
HAIBERD GERALD NAHOYS.

\*\*\*\*\*

SAMPEYAN DALEM HINGKANG SINUHUN P.B.V, ANUHO  
 NI PUSTAKA WASIAT TETILARAN DALEM HINGKANG SI  
 NUHUN KANJENG SUSUHUNAN P.B.KAPING IV SWARGA.

Sasampunipun 3 dinten saking titimangsa jumen  
 nengandalem Nata, Kyai Pengulu Martoloyo so  
 wan ing ngarsadalem. Perlu angunjukaken Pusa-  
 taka Wasiat Tetilarandalem Sawarga Sampeyan  
 dalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan P.B.  
 IV, tumrap para putra putridalem sadaya, sinar  
 tan kitirdalem ingkang tumrap dhumateng Kyai  
 Pengulu Martoloyo.

Sampeyandalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susu-  
 hunan P.B. kaping V. Sasampunipun anguninga  
 ni suraosing Pustaka Wasiyat tilarandalem Sa-  
 warga Kanjeng Ramadalem punapa déné suraosing  
 kitirdalem dhumateng Kyai Pengulu Martoloyo.  
 Salajengipun andhawuhaken timbalandalem dhu-  
 mateng Kyai Pengulu, bilih kalih dalu malih  
 Hingkang Sinuhun badhé angleksanani dhawuh  
 timbalanipun Kanjeng Ramadalem kados ingkang  
 kawrat ing Pustaka Wasiyat.

Awit saking punika Kyai Pengulu kadhawuhan -  
 sowan kanthi angirit abdidalem Ketib cacah-  
 kalih, ing wanci jam 8 dalu. Kyai Pengulu Mar-  
 toloyo sasampunipun terang dhawuh timbalan -  
 dalem, nyuwun medal saking pasilan. Hingkang  
 Sinuhun tumunten andhawuhaken timbalandalem  
 dhumateng abdidalem Nyai Mas Tumenggung han  
 dikakaken matedhani uninga dhumateng sadhè-  
 rèkdalem sadaya kakung putri-kalebet garwani-  
 pun, bilih kalih dalu malih wanci jam 8 dalu  
 sami katimbalan malebet ing Kraton, mboten  
 kalilan pamit. Ugi kadhawuhan animbali piso-  
 wanipun Ki Ng. Ranggalasutrasno, abdidalem Pa-  
 newu carik Kadipaten.

Kacarios: Anujū satunggiling dalu wanci jam  
 8 para sadhèrèkdalem kakung putri kalebet -  
 garwanipun sampun sami malebet ing Kraton,

lenggahipun pinarak ing pandhapi Parangkarsa. Wondéné pisowanipun Kyai Pengulu Martoloyo sa andhahanipun sumawana Ki Ng. Ranggalasutrisno-sami wonten ing bangsal Marakata nyarantos ꦱ timbalandalem.

Wanci jam 8.30 dalu Hingkang Sinuhun sakalian para pramèswari dalem miyos salebeting Puraya. Lenggah ing madé pandhapi Parangkarsa. Sasampunipun ngandikan kaliyan para rayi rayidalem, lajeng handhawuhaken lumebetipun Kyai Pengulu Martoloyo sa-andhahanipun punapa déné Ki Ng. Ranggalasutrisno. Sasampunipun sadaya sami sumi wi ing ngarsadalem Hingkang Sinuhun Handhawuhaken timbalandalem bilih ing dalu wau Hingkang Sinuhun badhé angleksanani sabdanipun - Kanjeng Ramadalem, hingkang sampun sawarga. Kados ingkang kapacak ing Pustaka Wasiyat ingkang kaparingaken dhumateng Kyai Pengulu Martoloyo, saderèngipun surudipun Kanjeng Ramadalem. Hingkang Sinuhun lajeng handhawuhaken dhumateng Nyai Mas Tumenggung andikakaken ma tedhakaken Pustaka Wasiyat dhumateng Ki Ng. Ranggalasutrasno, salajenipun kadhawuhan maosa ken ing ngarsanipun para prayagung luhur. Sasampunipun paripurna pamaosipun pustaka Wasiyat paringipun sawarga Kanjeng Ramadalem. Andhawuhaken bilih injingipun para sadhèrèk dalem kadhawuhan sami sowan malih saperlu anampèni Pustaka Wasiyat paringdalem sawarga Ramadalem.

Hingkang Sinuhun sakaliyan pramèswaridalem-kekalih jengkar angedhaton ,dene sadherekdalem sami kalilan bibaran.

Hinjingipun wanci jam 9 Hingkang Sinuhun ka pareng nyarirani anjenengi pambaginipun pustaka Wasiyat. Tumindhakipun miturut suraosing Pustaka Wasiyat TURUT RUNTUT mboten wonten ingkang kalangkungan.

## SALEBETIPUN NGASTA PUSARANING PRAJA, YASA.

Kathah wewangunan ing Kraton Dalem ingkang ha degipun awit saking yayasan dalem. Kadosta: Dalem Panepen, Bangsal Witana Inggil punika ing Siti Hinggil iring Kidul, ingkang nyambet Bangsal Séwayana. Yasa pasanggrahan ing Cemani, Kapareng dalem dabel sudhètan Bengawan ing sa wétaning Bacem, kahilèkaken dumugi Baturana, ingkang salajengipun winastan lèpèn Gejigan. Destar ingkang mawi kuncung, punika ugi awit saking panganggitipun panggalih dalem.

Kathah beksan beksan, gendhing gendhing yasan dalem punapa déné gamelan gamelan. Kadosta begsan badhaya DARADASIH, Bedhaya gendhing ELA ELA Begsan Wireng GELAS ALIT. Begsan begsan ingkang ngawrat hamung pinangka lelangen, upaminipun, Begsan Kusuma Asmara ingkang mligi kanggé Pasmuan pangantin dhaup. Yasandalem gendhing SANGA PATI minangka iringan beksan Srimpi. Gendhing Remeng, Diradhameta, Roningtawang, Larasati, Pramugari Pangkur Ranumenggala. Taksih dasanan malih kathahipun. Gamelan ugi mboten sakidhik yasandalem P.B.IV. Kadhosta Kyai Naga Jinggot ingkang salajengipun kaparingan santun asma Kyai Guntur Madu. Kyai Guntur Sari punika Game lan Sekaten, Kyai Kancil Belik. Kyai Windusana Kyai Kutawindu, Kyai Dewakatong lan sanès sanèsipun. ING BABAGAN KASUSASTRAN yasan dalem ingkang kawentar-cindah sarta kathah ingkang ateges tan sah maos, punika SERAT WULANGREH. Panitisastra Wicara Keras Wulang tatakrama Brataputra. Lampahan ringgit Gedhog, upaminipun PANJI DHA DHAP, PANJI SEKAR, PANJI LARAS PANJI BLATER Kalapa warna lan tasihkatah tunggilipun. Manawi nuju wonten gladhèn-begsan utawi nabuh gamelan ing Kraton asring sanget Panjenengan dalem Nata nyariraniterkadhang ngersakaker beksan Déne ingkang karenan ing panggalih dalem



BEKSA KALANA. Manawi kapareng ngasta nabuh, adha-  
 an ngendhang utawi mbonang. Tumrap pakeliran,  
 Hingkang Sinuhun ugi kalebet pana ngringgiti uta-  
 wi ndhalang, Prigel wasis gendhing gendhing sar-  
 wa mumpuni. Yayasan dalem wayang wacucal. Kirdosta:  
 Kyai Mangu, Kyai Kanjut, Kyai Pramukanya, Kyai  
 Jimat, Kyai Kadung, déné yayasan dalem wayang  
 wacucal Gedhog asma Kyai Dewakatong. Inggang  
 sakawit kagungan anggiti mripat denawa sarta wa-  
 nara cacah kalih kadadosaken satunggal. Inggih  
 panjenengan dalem Nata kaping IV. Mila wiwit  
 kala samanten, wayang wacucal Surakarta, denawa  
 sarta wanara mripatipun namung satunggal. Wayang  
 wujud lelembut, senjata, gaman punika wontenipun  
 ugi wiwit anggitanipun Hingkang Sinuhun P.B.IV.  
 Ing babagan abdi dalem prajurit panjenengan da-  
 lem Nata ngersakaken yasa golongan Jayèng Astra.  
 Tamtama, Talangpati, Prawireng.  
 Panganggèn abdidalem prajurit, kala semanten ta-  
 sih anulat panganggèn kumpeni. Lajeng kasantu-  
 nan jara Jawi. Menggah bab penggalih dalem ing-  
 kang sesambetan kaliyan nJawi rangkan. Panjene-  
 ngan dalem Hingkang Sinuhun P.B.IV. Sanyata Ma-  
 rindra ingkang Sudhik winengku kuwasané liyan  
 bangsa.

Nate wonten lelampahan satunggiling wekdal  
 gesrèk pamanggih kaliyan kumpeni. Déne sebabipun,  
 Amargi Hingkang Sinuhun ngayomi beburon kumpeni.  
 Sak wènèh Guru Agama Islam asal saking Arab, ing-  
 kang hanggelaraken wucalan Wahabi. Pamanggihipun  
 Kumpeni, wucalan punika ngawrat raos memengsahan  
 kaliyan Kumpeni. Inggang sampun radi tumekar ing  
 tlatah Banten, Ceribon, Madura. Sareng badhé  
 ngancik praja dalem Surakarta, guru wau dipun-  
 ayomi Hingkang Sinuhun. Sareng Kumpeni ngertos  
 lajeng ngunjukaken panyuwun, supados Hingkang  
 Sinuhun maringaken beburon wau dhateng Kumpeni.  
 Nanging mboten dipun paringaken. Adreng sami  
 adreng. Minangka nyapih gegering praja.

HINGKANG Sinuhun marengaken nanging mundhut supados Kumpeni nyumanèkaken panampinipun. Pasrahan guru wau salebetipun sawatawis wulan. Salajengipun dhawuh supados guru sampun ngantos kapatrapan pahukuman. Nanging kahantukaken dhateng nagari asalipun. Kumpeni nyandikani. Nagari wilujeng mboten kadadosan gègèr.

Malih wonten kadadosan ingkang badhé gègèraken prajadalem Surakarta. Inggih punika, nalikani pun jaman Gupenur Jendral Herman Willem Deandels. Prekawisipun kalayan cekak mapan. Rumiyan sadèrengipun Deandels wonten Tanah Jawi, Walandi punika ngantos dumugi Residenipun, manawisowan Kraton, kedah mboten tabik, polatan konjem siti. Manawi sampun dumugi Ngarsa dalem nungkulaken sirah kaping tiga. Nanging Jendral Deandels badé ngéwahi tatanan punika.

Hingkang Sinuhun Mboten marengaken. Pangandika dalem, Sing kagungan pranatan Praja Surakarta iku Ratu. Sajabaning Praja, Ratu ora meksa. Nanging samangsa mangsa ngambah Praja luwih-luwih sowan Kraton, kudu netepi tatacaraning Ratu. Déné yèn ora manut pranatan pra-susah ngambah Prajaning Ratu.

Ing babagan songsong, ugi makaten. Sakawit panganggèn manca kaliyan manganggé songsong manawilumbet sowan Kraton ing dinten tinamtu. Nanging Jendral Deandels ugi badhé ngéwahi, awit pamanggihipun song song lambang pangayomaning Ratu. Sinuhun kenceng kedah mawisong song. Kajawi manawi mboten badhé sowan Kraton, kénging mboten payungan. Wekasanipun pranatan Kraton tetep sami dipun èstokaken.

Satunggiling kawontenan, ingkang suka paseksèn bilih Hingkang Sinuhun mboten remen kawengku bangsa sanès. Punika duk rikala jaman Keizer Napoleon Bonaparteing Prancis nguwasai jajahnan Walandi, winengku tetepangan kaliyan Hingkang Sinuhun ing Surakarta. Keizer wau badhé

Nyaosaken pisungsung awujut keramiek lan orgel. Keramiek awujut jambangan, inggilipun 30 senti meter. Warni abrit ulesipun anggur, (Wynrood) Rinengga gambaran sekar warni kuning emas. Dene orgel, warni biru laut, ukir kuning emas, rinengga gambar kupu sarta sese karan. Namung dhawhipun Hingkang Sinuhun kersa nampi pisungsung wau nanging mundhut supados ingkang nga turaken Gupernur Deandels piyambak, sowan Kraton punapa mesthinipun. Kok inggih kelampahan.

\*\*\*\*\*

#### SAMPEYAN DALEM HINGKANG SINUHUN PAKU BUWANA IV.

Mbangun Masjid Ageng tahun: Ehe 1716 Masei 1789

Adegipun regol Simanganti Ler: tahun Je 1718 Masei 1719.

Pasangipun tales Siti Hinggil Kidul: Senen kaping 2 Rabingulakir tahun Wawu 1721. Masei 1794. Nunggil warsa nanem uwit waringin kurung sakembaran hing Alun-alun Kidul.

Ngadegipun saka guru dalem Prabasuyasa kawan ngun malih; Hing tahun Jimakir 1722 Masei 1795 Rampungipun hanggening hangandosi dalem Prabasuyasa Kawangun sarta lajeng kahepyan kahecet Tahun Alip 1723 Masei 1796.

Kapa wangun Majapait: Tahun Be 1728 masei 1802 Gedhong sakleripun Prabasuyasa saramampungipun kaparingan nama dalem Ler(Nepen) Tahun Be 1728 Masei 1802.

Loji Beteng hing Klaten: Tahun Alip 1771 Masei Ngadegipun Bangsal Witana Siti Hinggil Kidul Salasa kaping 3: Besar Be 1736 Masei 1810 Januari.

Saka Rawa Pandhapi Ageng kahumpak. Marengi - ing dinten Salasa Pon kaping 16 Rabingulakir Alip 1739. April 29 tahun 1812.


Pandhapa Ageng hingkang tengah; sitinipun dipun  
pun dhudhuk lajeng dipun uruk siti saking Ka  
dipala hing dinten Rebo kaping 12 Besar Alip  
1739 utawi 16 Desember 1812.

Bangsai Marcukundho Srimanganti Wetan dipun -  
dandosi hing dinten Senen kaping 13 Rabingula  
kir Jimawal 1741 utawi 3 April 1814.

Sakiwa tengenipun lepen larangan hingkang mi-  
li malebot, hing Kadhaton kabanon. Hing dinten  
Senen kaping 1 Siyam tahun Je 1742 utawi 6 -  
Agustus 1815.

Wiwit pasang tales pundhamen Kori Kamandhungan  
Hing dinten Setu kaping 21 Besar. Jimakir 1746  
utawi 10 Oktober 1819.

Pembangunipun Pandhapa Pamethelan hing dinten  
Selasa kaping 18 Mulut tahun Alip 1747 utawi  
3 Januari 1820.



Kraton Surakarta Hadiningrat.

## SEJARAHIPUN KANJENG RATU BERUK.

Panjenengandalem Nata Hingkang Sinuhun P.B.IV.  
 Punika putradalem Hingkang Sinuhun P.B.III.  
 Déné Ibudalem asma K.R. KENCANA. (Beruk) Atma  
 janipun Raden Tumenggung Wirorejo. (Ki Jogo-  
 sworo) Mbok manawi kathah ingkang dèrèng wuni  
 nga, sinten to Raden Tumenggung Wirorejo puni  
 ka. Makaten: Kanjeng Ratu KENCANA, asalipun-  
 mboten saking trahing aluhur. Parcèn inggih -  
 makaten. Hingkang Maha Kuwasa kaparengipun -  
 pancèn hanyengkakaken ing Aluhur dhateng para  
 kawula alit, punika saged kémawon. Dados mbo  
 ten kala rumiyin saha sapunika. Lampahé seja  
 rah, suka paseksèn bilih kawula alit punika  
 sagetkémawon, hanjalari tumuwuhipun para lu-  
 hur. Tegesipun, para ingkang jumeneng Nata -  
 Hingkang asma Sampeyandalem Hingkang Sinuhun  
 Paku Buwana, tetéla kagungan darah luhur para  
 Nata ugi dharah Kawula ALIT.

Punika dungèngipun. Déné trah kawula Alit ka-  
 dos Ibudalem Hingkang Sinuhun P.B.IV. Ngantos  
 gadhah sesebutan KANJENG RATU. Lan asma KENCA  
 NA. Punika cuplikan sekedhik dongengipun ka  
 sebat nginggil.

Kawiwitan saking Sampeyandalem Hingkang Sinu-  
 hun Paku Buwana kaping III. Kagungan prames  
 wari kalih.

Asmanipun ugi Kanjeng Ratu Kencana. Punika pu  
 trinipun Kanjeng Ratu Maduretno, sedhèrèkipun  
 Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.II. Dados  
 dhawah naksedhèrèk, kaliyan Hingkang Sinuhun  
 P.B.III.

Kanjeng Ratu Maduretno punika kagarwa kaliyan  
 PANEMBAHAN GAKRANINGRAT ing Madura.

Kanjeng Ratu Kencana Beruk punika atmajani-  
 pun R.T. Wirorejo. Dados saking kawula Alit. Garwa  
 no 1 sarta no 2 asmanipun sami.

Kocap kacarito: Nalika jumenengdalem Hingkang Sinuhun P.B.II ing Kartasura, kagungan kekasih nama Ng. Wirorejo. Sabedhahipun Nagari Kartasura Ng. Wirorejo pisah kaliyan Gustinipun. Keplajeng ngalèr dumugi Semarang. Ing Semarang piyambakipun lajeng rabi kaliyan rincangipun Tuwan Semit. Babu punika sampun randha. Gadhah anak alit satunggal jaler. Wirorejo lajeng tumut ingkang èstri wau, dados jongosipun tuwan Semit.

Sawatawis dangu tumut tuwan Semit. Namung rèhning Tuan Semit dipun pindhah pedamelanipun dateng Surabaia. Pak Wirorejo mboten tumut. Rehning jaman sampun jamanipun Hingkang Sinuhun Paku Buwana III, ngadhaton ing Nagari Surakarta, Wirorejo sak anak bojonipun boyong-dhateng Surakarta. Lelantaran pamaniipun nama Ngabèi Wirojoyo, suwita malih. Ngabèi Wirojoyo pamaniipun punika abdidalem srati. Griyanipun Gajahan. Pasuwitanipun Wirorejo saget kaptampi. Kadadosaken Abdidalem juru maos. Kaparingan nama Ki Jogosworo. Lajeng dipun pendhet mantu déning pamaniipun Wirojoyo.

Kocap mbok Wirorejo, inggih mbok Jogoswara babunipun tuwan Semit dados mbok sepuh. Nuju wawrat mboten kempal kaliyan ingkang jaler, Gesangipun memelas.

Nuju wanci dalu Hingkang Sinuhun P.B.III nuju mlampah-mlampah mirsa wonten pulung cumlorot dhawah kaprenah wonten kampung Gajahan panggénanipun Ki Jogosworo. Mbok Jogoswara sepuh nuju wawrat ageng wonten griya piyambak kaliyan anakipun sapiyan. Hingkang Sinuhun lajeng dhawuh, ing binjang samangsa bayi lahir, kadhawuhan lapur Hingkang Sinuhun. Saèstu nalika bayi lahir, Jogosworo lajeng ngaturi uninga-dhateng Kraton, bilih dalu jam 2 èstrinipun gadhah anak medal èstri wilujeng. Rikala dipununjukki huninga panjenengandalem saweg nuju dhawuh mecah beruking klapa, mripat satunggal.

badhé kagem dandosane. Mila lajeng paring dhawuh, Jabang bayi jenengna Rara Beruk. Hingriku Hingkang Sinuhun kengetan rikala dhawuh - nglebetaken jabang bayi samangsa lahir. Hingkang teksih wonten wawratnipun mbok Jogosworo. Hingkang Sinuhun dhawuh ing binjang manawi la ré wanci jebèng tapih kinten 12 tahun, kadhawuhan nglebetaken Kraton.

Kalampahan dumugi wanci kadhawuhan wau, Rara-Beruk kaunjukaken malebet Kraton. Kaparengdalem katunggilaken para cethi.


Kacarios manawi wanci dalu badanipun Rara Beruk katingal kados déné murub, ngantos kahuningan Hingkang Sinuhun. Tegesipun Hingkang Sinuhun mrangguli, murubipun Rara Beruk wau.

Salajengipun Rara Beruk kapundhut dados priyan tundalem, garwa ampéyan. Dewasanipun kakersakaken dados PRAMESWARI DALEM.

Kaparingan asma sarta sesebutan KANJENG RATU KENCANA. Kapirit saking, amargi kadunungan - urub kados cahyanipun Kencana. Makaten ugi - Mbok Jogoswara sinebut R. Ay. IBU. Ki Jogosworo kaparingan pangkat Tumenggung, nama Raden Tumenggung WIROREJO. Déné ana jaler bektanipun mbok wiorejo rikala randha ing Semarang, kaparingan sesebutan Raden Panji Sumodilogo.

Punika cuplikan sawatawin sejarahipun Prameswari dalem Sampeyandalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana III ing Surakarta.


\*\*\*\*\*



SERAT WULANGREH YASANDALEM HINGKANG SINUHUN  
PAKU BUWANA IV.

Sekar Dhandhanggala.

1. Pamedharing wasitaning ati.  
Cumanthaka aniru pujangga.  
Dhahat mudha ing batiné.  
Nanging kedhah ginunggung.  
Datan weruh yen akèh ngesemi.  
Peksa ngungrum pustaka.  
Basa kang kalantur.  
Tutur kang katula-tula.  
Tinalatèn rinuruh kalawan ririh.  
Mring padhanging sasmita.
2. Sasmitaning ngaurip puniki.  
Yèkti éwuh yèn nora weruha.  
Tan jumeneng ing uripé.  
Akèh kang ngaku-aku.  
Pangrasané pan wus utami.  
Tur durung wruh hing rasa.  
Rasa kang satuhu.  
Rasaning rasa punika.  
Upayanen darapun sampur nèng diri.  
Hing kahuripanira.
3. Jroning kur'an nggoning rasa jati.  
Nanging pilih wong kang uninga.  
Kajaba lawan tuduhé.  
Nora kena kinawur.  
Ing satemah nora pinanggih.  
Mundhak katalajukan.  
Temah sasar susur.  
Yèn sira ayun waskitha.  
Kasampurnaning badanira puniki.  
Sira hanggeguruwa.





SAMPEYAN DALEM HINGKANG SINUHUN KANJENG SUSU  
 HUNAN PAKU BUWANA SENAPATI ING NGALAGA ABDUL  
 RACHMAN SAYIDIN PANATA GAMA KALIFATULAH ING  
 KANG KAPING IV ING NAGARI SURAKARTA HADINING  
 RAT. 1768.

Ugi kasebut Susuhunan Bagus.  
 Putradalem Sampeyandalem Hingkang Sinuhun ,  
 Paku Buwana III. Putradalem no 17. Mios sa-  
 king Prameswari dalem K.RATU KENCANA (Beruk)

Wiosan dalem ing dinten: Kemis Wage jam 10  
 dalu. Tanggal kaping 18 Rabingulakir taun Je  
 1694 utawi 2 September 1768 Wuku Watugunung  
 Windu Sengara, Kaparingan asma B.R.M.GUSTI.  
 SUBADYO.

Sareng dewasa kajumenengaken Pangeran Adipa  
 ti Anom, asma.

KANJENG GUSTI PANGERAN ADIPATI ANOM SUDIBYA  
 RAJA PUTRA NARINDRA MATARAM INGKANG KAPING  
 II ING NAGARI SURAKARTA HADININGRAT.

Jumeneng Narindro hanggentosi Ramadalem su  
 warga: Hamarengi dinten Senen Paing tanggal  
 kaping 28 Wulan Besar Taun Jimakir 1714, uta  
 wi 29 September 1788 Wuku Kulawu Windu Hadi.  
 Sinengkalan; DADI RATU SABDANING RAMA.

Nalika semanten yuswa dalem saweg 20 Warsa  
 7 Wulan.

Surud dalem hamarengi dinten malem Senèn Pa  
 ing tanggal kaping 25 wulan Besar Warsa Alip  
 1747, utawi 2 Oktober 1820. Wuku Marakèh Win  
 du Sengara waci jam 7.30 Dalu.

Sinengkalan; SIRNANING PANEMBAH HANGESTHI ,  
 TUNGGAL.

Surud dalem dumugi yuswa 53 Warsa. Déné lami  
 nipun Hangasta Pusaraning Praja 33 Warsa.  
 Jumenengdalem Nata ing taun 1788. Surud da  
 lem ing taun 1820. Wiosandalem ing taun 1768.

## ASAL SILAH SAKING IBUDALEM K.RATU KENCANA.

- 1 Hingkang sinuhun Kanjeng Sultan Demak I, Syah Alam Akbar. peputra.
- 2 Pangeran Pamekas sumaré ing Gugur peputra.
- 3 Panembahan Tejowulan ing Jogorogo, peputra.
- 4 Kyai Ageng Ampuan, Pangeran Tejokusumo, peputra.
- 5 Kyai Ageng Karanglo, peputra.
- 6 Kyai Ageng Cucuk Telon, peputra.
- 7 Kyai Ageng Rogas, peputra.
- 8 Kyai Ageng Cucuk Singowongso, peputra.
- 9 Demang Bau Wasésa ing Bero, peputra.
- 10 Kyai Ageng Sutojoyo Mancut, peputra.
- 11 Kyai Sutojoyo, peputra.
- 12 Ki JOGOROGO R.Tg. WIROREJO, peputra.
- 13 K.Ratu Kencana Beruk, peputra.
- 14 SAMPEYAN DALEM HINGKANG SINUHUN KANJENG SUSUHUNAN PAKU BUWANA IV.B.R.M.G.SUBADYO.

Pindhah Kadhaton saking Kartasura dhumateng Surakarta 17 Februari 1745.

Hingkang Jumeneng Nata Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.II. Ngantos dumugi 1749, lajeng Surud. Asma Timur B.R.M.Gusti PROBOSUYOSO.

Kagantos Putradalem K.G.P.Adipati Anom I. Asma Sampeyandalem Hingkang Sinuhun Paku Buwana kaping III.(tiga). B.R.M.Gusti SURYADI.

15 Desember 1749.

Surud dalem wonten 26 September 1788.

Kagantos putradalem K.G.P.Adipati Anom, B.R.M. Gusti SUBADYO.

Ing taun 1788 tanggal 29 September.

Yuswa 20 Warsa. Jumenengdalem dumugi taun.

25 Besar 1747 utawi 2 Oktober 1820.

Putra sadaya wonten 57.

Inggang sugeng 26.

Prameswaridalem wonten 2.

Garwa ampéyan wonten 24.

Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.IV. punika ingkang yasa serat WULANG REH.

## SAMPEYAN DALEM HINGKANG SINUHUN P.B.IV

Prameswari no 1 K.R. Kencana R.Aj Handaya.  
 Prameswari no 2 K.R. Kencana R.Aj Sukaptinah.  
 Prameswari no 1 peputra Hingkang Sinuhun P.B.V  
 Prameswari no 2 peputra Hingkang Sinuhun P.B.7


Garwa ampeyan wonten 24.  
 Putra putridalem wonten 57.

1. Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.V.  
B.R.M.Gusti Sugandi.
2. G.R.Ay. Handawiyah, seda timur mios saking  
R.Ay. Retnodiningsih.
3. G.R.Aj.Rakiyah, G.R.Ay. Brotokusumo, mios  
saking R.Ay. Smaraningsih.
4. Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.VIII.  
G.R.M. KUSEN mios saking R.Ay.RANTANCARI.
5. K.G.P.H. Kusumoyudo G.R.M. Ngamdani mios  
saking R.Ay. Retnodiningsih.
6. G.R.Aj. Asiah, seda timur mios saking R.A  
Smaraningsih.
7. G.R.AJ. Mariyam seda dewasa mios saking  
R.Ay. Tiknosari.
8. G,R.Aj. Marwiyah, seda timur mios saking  
R.Ay. Retnodiningsih.
9. G.R.M.Supadi, seda timur mios saking R.Ay.  
Werdiningsih.
10. G.R.M.Pirngadi G.P.H.Notobroto mios saking  
R.Ay. Retnaningsih.
11. Gusti seda timur dereng dipun asmakaken.
12. G.R.Aj. Isbandiyah, seda timur mios saking  
R.Ay. Retnaningsih.
13. G.K.Ratu Pambayun krama angaal K.P.H.Mang  
kubumi II. Mios saking K.R. Kencana II.
14. G.R.M.Hutoro G.P.H.Notopuro mios saking  
R.Ay. Werdiningsih.
15. G.R.Aj. Bandiyah seda timur mios saking  
K.Ratu Kencana II.
16. G.R.M.Subaji G.P.H.Notokusumo mios saking  
R.Ay.Smaraningsih.

17. Gusti seda timur.
18. G.R.Aj. Daliyah seda timur mios saking R. Ay. Rengganingsih.
19. G.R.Aj. Bidaliyah G.R.Ay. Jayaningrat, mios saking R.Ay. Timora.
20. G.R.M. Ismail G.P.H. Jatikusumo mios saking R.Ay. Smaraningsih.
21. G.R.M. Sadalsah, seda timur.
22. G.R.Aj. Ngaisah G.R.Ay. Joyodiningrat, mios saking R, Ay. Timbra.
23. Sampeyandalem Hingkang Sinuhun P.B.VII. K.G.P. Adipati Hario PURUBOYO, B.R.M Gusti MALIKIS SOLIKIN, mios saking K.R. Kencana II
24. G.R.M. Umar G.P.H. Joyokusumo mios saking Rd. Tijah.
25. G.R.M. Jayusman seda timur.
26. G.R.Aj. Ripangiyah G.R.Ay. Mangkudiningrat mios saking R.Ay. R. Ay. Smaraningsih.
27. G.R.M. Darusamsi, seda timur.
28. G.R.Aj. Aminah G.R.Ay. Padmodipuro mios saking Rd Timbreng.
29. G.R.M. Sadarsan, seda timur.
30. G.R.Aj. Rakimah seda timur.
31. G.R.M. Ngusman seda timur.
32. G.R.M. Abukahar, G.P.H. Balater mios saking R.Ay. Gandawati.
33. G.R.Aj, Kamariyah G.R.Ay. Sosrodiwiryo mios saking Rd Wilet.
34. G.R.M. Widuro G.P.H. Widura mios saking Rd Wisarto.
35. G.R.Aj. Kalimah G.R.Ay. Adipati Sosrodiningrat mios saking Rd Wisarto.
36. G.R.M. Ngali G.P.H. Pringgoloyo mios saking R.Ay. Mintarsih.
37. G.R.M. Samsir G.P.H. Danupoyo mios saking Rd Wisarto.
38. G.R.Aj. Mustakimah. seda timur.
39. G.R.M. Kasim G.P.H. Hadikusumo mios saking R.Ay. Renggosari.
40. G.R.AJ. Karimah G.R.Ay. Padmokusumo mios saking R.Ay. Pujaningsih.

41. G.R.Aj. Sakati, seda timur.
42. G.R.Ay. Sariyah G.R.Ay. Prawirosubrātō mios saking Raden Wisarto.
43. G.R.Aj. Aminah seda timur.
44. G.R.M. Kartolo seda timur.
45. G.R.Aj. Sinto seda timur.
46. G.R.M. suwardi seda timur.
47. G.R.Ay. Wiratmojo pegat. Krama angsal Adi pati Sosrodiningrat mios saking R.Ay. Renggoari.
48. G.F.M. Kanapi seda timur.
49. G.R.Ay. Kariyah G.R.AY. Mangkuyudo mios saking R.Ay. Rengganingsih.
50. G.R.Aj. Siyam seda timur.
51. G.R.M. Suwondo. seda timur.
52. G.R.Aj. Kanapiyah seda timur.
53. G.R.M. Rustam, seda timur.
54. G.R.Aj. Samsikin seda timur.
55. G.R.M. Sadoro G.P.H. Priyombodo mios saking R.Ay. Pujaningsih.
56. G.R.M. Suneko, seda timur.
57. G.R.M. Sardulo G.P.H. Panji Anom mios saking king R.Ay. Widaningsih.





## 19. BETARA KALA



Betara Kala seorang Dewa, putra Betara Guru dan dilahirkan di tengah-tengah samudera.

Hing nalika Sampeyandalem Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan P.B.IV. taksih jumeneng Pangeran Pangeran Adipati Alom, kersa yasa ringgit Purwa.

Babonipun ringgit yasan ing Kartasura. Kapa ringan nama Kyai Pramu Kenya. Abdidalem pana tah hingkang kakarsakaken nggarap nama: Gandatrana kaliyan Cermapangrawit. Punika karsa dalem mangun wandaningringgit rangkep-rangkep. Dene Wanara sami mripat satunggal. Ringgit lanyapan sami sami kabucal sangkupipun. Sarampungipun yasandalem wau sak lampahan, kaja ricikanipun cacah 200. Saha lajeng kapa ringan nama Kyai Mangu. Nuju ing tahun EHe 1706 utawi masei 1751.

Tumunten karsadalem yasa ringgit malih. Babonipun Kyai Pramu Kenya. Sami kawangun kados kagungan dalem hingkang sampun dados. Nanging wewah Bima mawi Makutha. Dasamuka mripat satunggal. Wandanipun Belis. Kumba karna mripat satunggal. Wanda mendung. Sumbadra wanda lentreng. Rara Ireng (Sumbadra enem) lastantun lanceng. Kala samanten ringgit yasan hing Surakarta sampun mboten mawi sang kala gambar. Déné titimangsa nipun sami dipun serat nunggil palemahaning kaka jengan. Hamargi sampun wonten hingkang saged ngukir. Sastra wonten hing wacucal. Menggah wandaning ringgit sami mungel ing palemahanipun. Kadosta hingkang rupak palemahanipun namung mungel jenengandalem. Harjuna Jimat. Hingkang wiyar palemahanipun mungel nama wanda saha angkaning taunipun. Sareng sampun dados salampahan, kaparingan nama Kyai Kanyut. Wondéné kagungan dalem ringgit purwa Kyai Mangu. Sarta Kyai Kanyut wau, Sarèhning cacahing kawujutan saha wandanipun sami hingkang kabedakaken namung panyunggingipun busana. Kyai Mangu



punika namung kapulas gempolen. Limrahing pekecapan kawastanan pathekan Kyai Kanyut pamulasipun kahèsthi ron. Sawènèh sembagèn. Kembang tiba. Hamarengi ing taun Jé 1708 Utawi masei 1753.

Kaparengdalem yasa ringgit Purwa malih. Salampahan. Babonipun yasan ringgit ing Kartasura. Kajujut sapalemahan. Sarta kawangun Denawa sarta wanara sami mripat satunggal. Saha wangun wandané Harjuna enèm. Kinanthi hakaliyan Kadung. Angkawijaya bon tit. Ugi kawastanan wanda pangantèn. Punapa malih yasa wanda Bima gurnat.

Jaladara wanda kagèt. Kresna mangu, Brata séna manut wandaning Bima kemawon. Saha karsa dalem yasa denawa prepatan. Sami mawir rasukan, saha mangun wandanipun Pétruk. Wanda mèsèm. Bagong wanda ngrèngkèl. Ugi kawastanan wanda roti. Saha yasa Putra Ngalengka, mboten bokongan. Habdidalem pana natah hingkang kakarsakaken hanggarap: 1: Cermangrawit. 2: Gondotruno. 3: Cermonatas. 4: Cermodrongo. 5: Cermotruno. 6: Cermojoyo. Kala samanten wiwit wonten awisaning Ringgit Wacucal Purwa. Sarta Gedog. Kajawi kagungandalem sami mboten katilan mawi palemahan cemeng. Punapa malih mboten katilan hadamel kayon ingkang mboten kahisènan bubujengan. Sareng Sampéyandalem kapa ringan nama Kyai Pramukanya Enèm. Ugi kawastanan Kyai Pramukanya ing Kadipaten Kawontenanipun ing sapunika kasebut ringgit Jujut sapisan. Ringgit wau lajeng kunjuk Hingkang Sinuhun. Déné ringgit Kyai Pramukanya, babonipun kasimpen ing Gedong Siti hinggil. Nalika punika nuju taun Bé, 1710. Utawi masei 1755.

Hing sajumenengdalem Nata, Yasa ringgit Purwa, babonipun Ringgit Kyai Mangu. Kaju jut satunggal satengah palemahan. Saha kar sadalem sadaya ringgit katongan kawangun mawi makutha. Sadaya ringgit ingkang mawi wanda dipun wontenaken bangkep rangkep. Ringgit dugangan kadosta Patih bala Sabrang Saha Kurawa sawatawis. Hing kang perlu kanggé sami kawontenaken. Punapa déné ringgit ricikan utawi kayon utawi damel sami mboten katunggilaken sakotak. Kamanggènenaken ing kotak sanès. Kadosta bangsa hiber hiberan, bangsa gegremetan sato wana. Bubujengan toya peksi sapanunggilanipun. Denawa dha gelan, limrahipun kawastanan dagelan (sétanan)

Hing sadadosipun ringgit, kagungandalem kyai Kadung, Prayogining wawangunan, punika hanggawokaken. Déné ringgit jujudan katingal turut kados ringgit dèrèng kajujud. Milanipun Putra Sentana dalem utawi prayagung wadana sasaminipun, hing pundi pundi hingkang yasa ringgit Purwa jujudan sami mirit Kyai Kadung. Nanging mboten wonten hingkang saged prayogi utawi sebetanipun sadaya ringgit jujudan kajawi Kyai Kadung ringgitipun èstri lajeng katingal kinggilan dedek. Namung Kanjeng Pangeran Hario Singasari I, yasa ringgit Purwa, tasih miturut babonipun ringgit yasan hing Kartasura. Denawa wanan mripat kalih, Sarta para abdidalem dalang hing kasepuhan inggih tasih mirip wandanipun Kyai Pramukanya. Hingkang kasimpen hing gedong Siti Hinggil. Déné abdidalem dalang hing Kadipaten damelanipun ringgit Purwa mirib wandanipun Kyai Kadung utawi Kyai Kanyut. Denawa wanara sami mripat satunggal. Katelah dumugi ing sapunika. Tiyang damel ringgit ingkang dedek hangadekipun dèrèng kajujud. Kawestanan sami kaliyan ringgit padalangan. Menggah para putra sentana utawi abdidalem hingkang sami damel ringgit Purwa. Gurunipun inggih katah ingkang tatahanipun dalang Sedongso ing dusun Palar..wau.

Hingkang Sinuhun Kanjeng Susuhunan Paku Buwana kaping IV.

Yasa ringgit Gedhok, babonipun Kyai Banjèt. Nanging kadamel ribik. Ringgitipun èstri gelungan, kawangun béda kaliyan gelunganipun - ringgit Purwa. Wujutipun ringgit panggung kiwa tengen kadamel rangkep-rangkep. Sarta katonganipun tanpa makutha, namung nganggé jamang. Kagelung warni-warni. Sareng dados kapingan nama Kyai Déwa Katong. Nuju tahun 1724.

Kacarios: Hingkang Sinuhun Paku Buwana Kaping Sekawan(IV) kala taksih jumeneng Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Anom, sampun kathah yasan dalem hawarni-warni. Saha dumugi sapunika ya sandalem wau kalebet pipilihanipun para hingkang sampun hangrektosi. Manawi bangsa dedamel waos dhuwung, saben damelanipun EMPU BRAJAGUNA.

Ringgit wacucal Purwa utawi Gedhok damelanipun abdidalem panatah GANDA TRUNA. Utawi CERMA PANGRAWIT. Saha kacarios Sampeyandalem Hingkang Sinuhun wau pralebda dhateng langening praja. Kadosta hanganggit lampahaning ringgit Purwa, saha ringgit Gedhog sarta saget handhalang. Sampun hanetepi prelunipun. Kados hingkang sampun kasebut hugering padhalangan. Wiwit kala samanten salebeting nagari Surakarta dhalang manawi ngringgit béda-béda patrapipun. Manawi ngringgit wonten salebeting Karaton, wiwit gangsa mungel lajeng jejer ké mawon. Manawi dhalang ngringgit wonten dalemipun putra-sentana dalem sapangandhap dumugi-para habdidalem ageng alit kedah mawi talu rumiyin, lajeng mungel gendhing jejering ringgit. Manawi dhalang katanggap para abdidalem sudagar utawi pangindhung kedah mawi talu. utawi dipun susuli rumiyin, hingkang katembung ngaken mucuki punika, hing saderèngipun dhalang wiwit jèjèr lampahaning ringgit.

Hanak hutawi rincangipun dhalang salah satunggal hanglampahaken ringgit hadeganipun bambang kaliyan pandhita kémawon, dumugi prangipun bambang mengsah denawa lajeng bibar. Sabibaring pucukan wau dhalang lajeng wiwit hangringgit. Jejer punapa badhé lampahan panedhanipun hingkang nanggap. Wondéné hing sakawitipun karsa dalem yasa ringgit Kyai Mangu. Dumugi yasanda lem ringgit Kyai Kadung. Pepak sadaya wanda ning ringgit. Hingkang pancèn gadhah wanda-ranggep hutawi lamba. Kados ingkang kapratélak haken ing ngandhap punika.

Ringgit hingkang kasumping hing panggungan kiwa tengen. Sarta hingkang mboten kasumping hingkang sami gadhah wanda kadosta: Harjunawandanipun gangsal. Kalebet kinanthi. Nanging hingkang kagem karaton namung sakawan. Jimat Mangu Kanyut sarta malatsih. Manggèn panggungan tengen (pamadé) Habimanyu Angkawijaya-wandanipun kalih: Pangantèn sarta bontit. panggungan kiwa.

Gara-gara wandanipun kalih, geblag sarta sem bada panggungan kiwa. Karna wandanipun satunggal bledru. Panggungan kiwa. Kresna wandanipun tiga Gendreh rondhon, mangu panggungan tengen. Kurupati Suyudana wandanipun kalih. Jangkung sarta jaka, panggungan kiwa. Kakrasana Bala-dewa nèm, wandanipun kalih, kilat sarta sem bada. Panggungan kiwa. Kumbakarna Denawa Rator-ton, wandanipun tiga, barong macan. Mripat kalih sarta mendhung. Mripat satunggal panggungan kiwa. Dasamuka wandanipun kalih bugis-mripat kalih, sarta belis. Mripat satunggal panggungan kiwa. Srikandhi wandanipun kalih goleng sarta patrem. Panggungan tengen. Seti aki wandanipun tiga, mimis wisun sarta kakin. Panggungan kiwa. Samba wandanipun tiga, semba da banjet bontit panggungan kiwa. Sembadra-wanda gangsal rangkung lentreng lanceng jinem


Patrem, panggungan tengen. Pamadé, wanda seka wan: Pangasih, pangawé, kadung, kinanthi, panggungan tengen. Yudhisthira, wanda kalih, puthut panuksma, panggungan tengen. Bathara GURU, wanda kalih, harca karna mboten kasumping. Gathut kaca, wandanipun sekawan. Guntur, kilat, cacit gelap, panggungan tengen. Baladéwa, wandanipun sekawan. Geger, kaget, sembada, paripeksa, panggungan kiwa. Bima, wandanipun sekawan. Mimis lindhu, panonlintang, urnat, panggungan tengen Bomowarni, 2; Gusén sarta halus, panggungan kiwa. Bambang wanda, 2: Miling, padhasih, panggungan kiwa. Semar kanthi Bagong, wandanipun, brebes, mendhung, manawi kanthi Nalagareng Petruk, wandanipun ginuk sarta dhukun, mboten kasumping. Bagong, wandanipun tiga, gilut, gembor, sarta ngrengkel, utawi roti. Mboten kasumping. Petruk, wandanipun tiga, Jegong, jambang sarta mesem, mboten kasumping. Kajawi ka sebut hing nginggil punika ugi taksih wonten wandaning ringgit warni-warni, hingkang pika jengipun dhalang utawi damel piyambak. Dados nama murgan. Hananging sarehning morojol saking pahugeran hingkang sampun kagem Karaton. Milanipun mboten kacariosaken hing pratelan punika,

Hing sahantawis tahun laminipun, jumenengdalem Hingkang Sinuhun P.B.IV. kagungandalem ringgit PURWA kalih lampahan.

Kyai Mangu, kaparingaken hingkang putra Kanjeng Gusti Pangeran Adipati Haryo KUSUMOYUDO.

Kyai Kanyut, dhateng hingkang putra Kanjeng Pangeran Haryo NOTOPURO.

Kagungandalem ringgit Kyai Pramukenyono enem kagem padintenan.....





**TAMAT**